АвтобусыщIэхэр хуагуэш

2-нэ нап.

УэркIэ лъэпкъыр мэгушхуэ, Хьэбил!

3-нэ нап.

Iущрэ гурыхуэу, жанрэ зэфIэкI яIэу

4-нэ нап.

Сабийхэми балигъхэми зи къалэмыр яхуэзыгъэбзэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№66 (24.816) • 2025 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 3, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-р мылэжьэгъуэ гуфIэгъуэ махуэу гъэувыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Я фIэщхъуныгъэр зыхуэдэнур езыхэм яубзыхужынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ я IуэхукIэ» 1997 гъэм фокIадэм и 26-м къащта Федеральнэ закон №125-ФЗ-м и 4-нэ статьям и 7-нэ пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм зэрыкъытхуигъэзам ипкъ иткIэ, Къурмэн хьид махуэшхуэр гъэлъэпIэным теухуауэ унафэ сощI:

2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мылэжьэгъуэ гуфIэгъуэ махуэу щыгъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м
№53-УГ

Урысейм ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм и ныбжьыр илъэс 95-рэ зэрырикъуар Iэтауэ щагъэлъэпIащ ди къуэш республикэм и къалащхьэ Мейкъуапэ.

ТхакIуэ зэчиифIэр Адыгейм щаIэт

ТхакIуэ цIэрыIуэм и гъащIэм, и лэжьыгъэм теухуа пшыхь дахэм хэтащ АР-м, КъБР-м, КъШР-м я лIыщхьэхэу **КъумпIыл Мурат**, **КIуэкIуэ Казбек**, **Темрезов Рашид**, Абхъаз Республикэм и вице-президент **Бигвавэ Беслъэн**, Абхъазым и президенту щыта **Бжания Аслъэн**, Краснодар крайм и Iэтащхьэм и администрацэм КъэралкIуэцI политикэмкIэ и департаментым и унафэщI **Бородавкэ Александр**, Адыгэ Республикэм и япэ Президенту щыта **Джарым Аслъэн**, а къулыкъум пэрыта, АР-м и къэрал чэнджэщэгъу **ТхьэкIушынэ Аслъэн**, къэрал, политикэ лэжьакIуэ **Абдулатипов Рэмэзан**, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр, Федеральнэ Зэхуэсым сенатору щыIэхэр, лъэпкъ интеллигенцэр, министрхэр, депутатхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.

Ди республикэм икIащ КъБР-м и Iэтащхьэр зи пашэ лIыкIуэхэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Превительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Говоров Сергей**, КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу щыIэ **Зумакулов Борис**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз** сымэ.

ЗэIущIэр къызэIузыха, АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат къызэрыхигъэщамкIэ, ди лъэпкъэгъу лIы щэджащэр щалъытэр Кавказ Ищхъэрэм и закъуэкъым, атIэ къэрал щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа цIыху цIэрыIуэщ. МэшбащIэ Исхьэкъ и махуэ лъапIэм ирихьэлIэу къэрал IэнатIэ лъагэхэр зыIыгъ унафэщI куэдым хъуэхъу -телеграммэхэр къыхурагъэхьащ.

КъумпIылыр къеджащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир ди лъэпкъэгъу тхакIуэ цIэрыIуэм къыхуигъэхьа телеграммэм: «ПщIэ зыхуэсщI Исхьэкъ Шумахуэ и къуэ! Уи ныбжьыр илъэс 95-рэ зэрырикъуамкIэ си гуапэу сынохъуэхъу. Литературэ зэчий къызэрымыкIуэ зэрыббгъэдэлъым, куэд зэрыпхуэзэфIэкIым, фIыуэ плъагъу IэнатIэм уи гур етауэ узэрыпэрытым я фIыгъэкIэ Iэзагъ ин къызэкъуэпхыфащ, тхакIуэ, усакIуэ, зэдзэкIакIуэ цIэрыIуэ ухъуащ, лъэпкъ щэнхабзэм зиужьыным уи Iыхьэшхуэ хэплъхьащ. Хэкупсэ цIыху Iущу, жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру ухэту, Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и Адыгей къудамэм и тхьэмадэ къулыкъум илъэс куэд щIауэ узэрыпэрытым пщIэшхуэ къыпэкIуащ. Узыншагъэ быдэ уиIэу, угушхуэу куэдрэ упсэуну, фIыуэ щыIэ псори къохъулIэну сынохъуэхъу», - итщ телеграммэм.

Республикэ Iэтащхьэм МэшбащIэ Исхьэкъ ирытыжащ УФ-м и Президентым къыбгъэдэкI ФIыщIэ тхылъыр. Апхуэдэуи къеджащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил къигъэхьа телеграммэм: «ПщIэ зыхуэсщI Исхьэкъ Шумахуэ и къуэ! Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынохъуэхъу уи илъэс 95-мкIэ. ТхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэр иджырей классикыу, гъащIэ гъуэгуанэ телъыджэ къэзыкIуа цIыхуу укъызэралъытэр къэблэжьащ. Лъэпкъ куэду зэхэт урысей литературэм илъэс куэд щIауэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуэпщIу, адыгэбзэр пхъумэу укъогъуэгурыкIуэри, Тхьэм ухущIигъэхьэ», - итщ телеграммэм.

Къэрал унафэщIхэм жаIа псалъэхэм щыхьэт техъуэу, КъумпIыл Мурат къыхигъэщащ МэшбащIэм и зэчиймрэ зэфIэкIымрэ куэд щIауэ адыгэ литератрэм и классик зэращIар, и цIэр лъэпкъ Iущыгъэмрэ хэкупсагъэмрэ я джэлэс зэрыхъуар.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщI Матвиенкэ Валентинэ и цIэкIэ тхакIуэм ехъуэхъуащ Адыгейм и сенатору УФ-м щыIэ Хъупсырокъуэ Мурат, Къэрал Думэм и УнафэщI Володин Вячеслав и цIэкIэ зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэм зыхуигъэзащ АР-м къыбгъэдэкIыу Къэрал Думэм депутату щыIэ Резник Владислав.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Ипщэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Устинов Владимир и хъуэхъу псалъэм зэIущIэм къыщеджащ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу Адыгейм щылажьэ Дрокин Сергей.

Абхъаз Республикэм и Президент Гунбэ Бадрэ МэшбащIэм къыхужиIа псалъэ гуапэхэр утыкум къыщигъэIуащ республикэм и вице-президент Бигвавэ Беслъэн. Абдежым Беслъэн къыщеджащ я Президентым и Унафэм - МэшбащIэ Исхьэкъ къыфIащащ «Абхъаз Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м, КъШР-м я Iэтащхьэхэу КIуэкIуэ Казбекрэ Темрезов Рашидрэ.

«Уэ уи дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр, Шумахуэ и къуэ Исхьэкъ – ар Урысейм ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужьым и Дыщэ Вагъуэрщ, ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм уи зэфIэкIхэр зэрылъагэр къызэрилъытарщ икIи ар пхуэфащэ дыдэщ!

Уи IэдакъэщIэкI псоми къыхощ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ. Урысейм лъэпкъ куэду зэхэт и цIыхубэм я щэнхабзэ къулейр нэхъри гъэбэгъуэным, лъэпкъхэр нэхъри зэкъуэувэным уэ хуэпщIа хэлъхьэныгъэр къыпхуэмылъытэным хуэдизщ.

Ди щхьэр пхудогъэщхъ, пщIэ зыхуэтщI Исхьэкъ Шумахуэ и къуэ, уи лэжьыгъэфIхэм, илъэс куэд хъуауэ дяку дэлъ зэныбжьэгъугъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым укъыщалъхуа щIыналъэм хуэдэу укъызэрыхущытым папщIэ. Гушхуэ зыкIуэцIылъ нэхъыжь гуапэу укъогъуэгурыкIуэ, щIэблэм, уи ныбжьэгъухэм, уи зэчийм пщIэ хуэзыщIхэм щапхъэ дахэ, гъуазэ уахуэхъуу.

Си гум къыбгъэдэкIыу сынохъуэхъу узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыгъэ уиIэну, уи творческэ ехъулIэныгъэхэм я къигъэхъуапIэр мыкIуэщIыну!» - къыхигъэщащ республикэм и Iэтащхьэм нэхъыжь Iумахуэм зыщыхуигъазэм.

КъэпсэлъапIэр хуит зыхуащIа, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий мелуан зыбжанэ хъу адыгэ лъэпкъым, къэралыгъуэ 53-м щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм къабгъэдэкI хъуэхъу псалъэ зэрыт тхылъыр иритащ.

- Исхьэкъ и тхыгъэхэм утепсэлъыхьыну къызэрыгуэкI Iуэхукъым, ауэ абыхэм ящыщ зыбжанэ нобэ хуэдэ махуэм уигу къомыгъэкIыжынкIэ Iэмал иIэкъым. Ар адыгэ лъэпкъым и тхыдэ напэкIуэцIхэр, Кавказ зауэм теухуахэр къызыхэщыж тхылъхэрщ, - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий. - Ахэр щитха лъэхъэнэм, Совет Союзым и зэманым, зы щыуагъэри удынышхуэу къыптехуэжынкIэ хъунут, апхуэдиз цIэрэ-щхьэрэ иIэу Исхьэкъ нобэ ди пащхьэ имытынри хэлъащ. Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр апхуэдизу пэжу, захуэу къигъэлъэгъуэжащи, ди блэкIар зэрихъумам, тхыдэр зэритхыжам я закъуэкъым, атIэ ди къэкIуэнум гъуазэ хуэхъу тхыгъэ купщIафIэхэщ. Аращ зыIэпахыу ахэр ноби щIаджыр, псэуну, зауэжыну жэрдэм зиIэхэм гъуазэ щIахуэхъур. ФIыщIэ ин пхудощI ди лъэпкъыр бунэтIыу, Урысей иным ис лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэхуаку зэгурыIуэныгъэрэ пщIэрэ къыдэпхьэу узэрылажьэм папщIэ. Ар псом хуэмыдэу нобэ дызыхуэныкъуэщ.

Пшыхьым къыщыпсэлъа псоми къыхагъэщащ адыгэбзэр, адыгэ щэнхабзэр хъумэным МэшбащIэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрахуищIар, жылагъуэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIихар. Ар УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэтщ лъэпкъ, дин зэхущытыкIэхэм епха Iуэхугъуэхэм елэжьу.

Апхуэдэуи жаIащ тхакIуэр хэкупсэ ину зэрыщытыр, Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и къару зэрыхилъхьэр. Къапщтэмэ, абы куэд хузэфIэкIащ Кавказ Ищхъэрэм, Абхъазым щыпсэу лъэпкъхэм я зэхуэку дэлъ зэныбжьэгъугъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ егъэфIэкIуэным, Кубанымрэ Адыгеймрэ я зэгъунэгъугъэр гъэбыдэным теухуауэ.

Урысейм ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь МэшбащIэ Исхьэкъ фIыщIэ яхуищIащ къызэхуэсахэм, къыхужаIа псалъэхэр и гуапэ зэрыхъуар къыхигъэщащ. Апхуэдэуи дыщIигъуащ и хэку цIыкIум, Урысеишхуэм зэрырипагэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

НыбжьыщIэхэрщ нэхъ лъапIэ дыдэу диIэр

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм сыт щыгъуи гулъытэ хэха хуащI щытыкIэ гугъум къихута ныбжьыщIэхэм. Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм депутатхэр щыIащ сабий зеиншэхэр, адэ-анэхэм я нэIэ щIэмытыжу къэнахэр щапIыж республикэ IуэхущIапIэхэм.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Къэжэр Хъусен**, КъБР-м и Парламентым и депутатхэу **Амщокъуэ ФатIимэт**, **Мечукаев Алихъан**, **Бахъсэнокъуэ Залым** сымэ я хьэщIащ «Узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ республикэ сабий клиникэ центр» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм лышх узыфэр, зи лъым сэкъат иIэ цIыкIухэр щагъэхъуж и къудамэм щIэлъхэм.

Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ КъБР-м и Парламентым сабий зеиншэхэм, адэ-анэхэм я нэIэ щIэмытыжу къэнахэм, щытыкIэ гугъум къихутахэм зэрызащIигъакъуэр. Депутатхэр зэпымыууэ япыщIащ апхуэдэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм икIи сабийхэр махуэшхуэхэм ирихьэлIэу саугъэтхэмкIэ зэрагъэгуфIэным яужь итщ, апхуэдэуи езы IуэхущIапIэхэми ядоIэпыкъу.

- Мы къудамэм щIэлъщ узыфэ хьэлъэхэр зыпкърыт сабийхэр икIи ахэр гугъуехь куэдым пхыкIын хуей мэхъу. Мыбы дыкъакIуэу а сабийхэм махуэшхуэмкIэ дехъуэхъуну гупыж тщIауэ аращ. Махуэшхуэр къызэрымыкIуэщ, сыту жыпIэмэ абы иджыри зэ Iэмал къыдет жылагъуэми, къэрал властым и органхэми, граждан жылагъуэми сабийхэр зыхэт гугъуехьхэм иджыри зэ гу лъатэнымкIэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Iуэху зэхуэмыхьуэхэр мащIэкъым икIи дызэдегугъуу ахэр лъэныкъуэ едгъэзын хуейщ, сыту жыпIэмэ ди гъащIэм щынэхъ лъапIэ дыдэр сабийхэрщ. Дэ тщыщ дэтхэнэ зыри хуейщ сабий псори, япэрауэ, узыншэу, насыпыфIэу псэуну, нэхъыжьхэм я лъагъуныгъэ щымыщIэну, я мурадхэр къехъулIэну. Дэ дэлъыта псори тщIэнущ, къытщIэхъуэ щIэблэм сыт и лъэныкъуэкIи зауэжын папщIэ, - къыхигъэщхьэхукIащ Егоровэ Татьянэ.

Депутатхэр дохутырхэми, сабийхэми, абыхэм я адэ-анэхэми яхуэзащ. Хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и УнафэщIыр Сабийхэм я дунейпсо махуэмкIэ цIыкIухэм ехъуэхъуащ икIи икIэщIыпIэкIэ узыншэ хъужыну зэригуапэр яжриIащ.

Шар зэмыфэгъу гъэпщахэмрэ депутатхэм къабгъэдэкI саугъэтхэмрэ щыгуфIыкIащ цIыкIухэр.

Сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Щэрдан Зураб щепсэлъылIэм абы жиIащ я IуэхущIапIэр узыфэр къахутэн, ар зыпкърытхэр ягъэхъужын папщIэ зыхуей IэмэпсымэфIэхэмкIэ къызэрызэгъэпэщар. Абы зэпымыууэ щыхапщэ иджырей щIэныгъэмрэ техникэмрэ я къэхутэныгъэщIэхэр, профилактикэ Iэмалхэр къагъэсэбэп, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ зыхуэфащэхэр зэрыхуащIэфынухэр яIэщ.

Депутатхэм апхуэдэу зрагъэлъэгъуащ сымаджэхэм зэреIэзэ щIыкIэхэр, ахэр зыхуейзыхуэныкъуэхэмкIэ къызэрызэгъэпэщар, сабийхэми епсэлъылIащ, абыхэм я гуныкъуэгъуэхэр зрагъэщIащ. Мыбдежым къыщыхагъэщхьэхукIащ реабилитацэ къудамэм хуэдэ, республикэр къэгъэнауэ, Кавказ Ищхъэрэ псом зэрыщымыIэр. Абы и къалэн нэхъыщхьэр сабийхэм я щхьэ Iуэху зэрахуэжыф хъунырщ, гъащIэм щыгуфIыкIынымкIэ Iэмал ягъуэтыжынырщ. Мыбы технологие лъагэхэм тегъэпсыхьа IэмэпсымэхэрIэм къыщымынэу, арт-терапиери, сабийхэр ягъэджэгуурэ гъэхъужын Iэмалри, физиотерапиери къыщагъэщхьэпэ. Къудамэм дэтхэнэ зы сымаджэми теухуауэ программэхэр щызэхалъхьэ, абы физкультурэмрэ физиотерапиемри я Iэмалхэри хэту.

- Дэтхэнэ зыми фIыщIэ фхуэсщIыну сыхуейщ фи лэжьыгъэфIым, фи къару фемыблэжу фи IэнатIэм фызэрыпэрытым, фи цIыхуфIагъымрэ зэхэщIыкIымрэ папщIэ. Фэ фи лэжьыгъэр икъукIэ пщIэшхуэ зыпылъщ, - къыхигъэщхьэхукIащ Егоровэ Татьянэ, сымаджэщым и лэжьакIуэхэм захуигъазэу.

ЦIыкIухэр ягъэгушхуэ

Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек «Антарес» егъэджэныгъэ центрым щыхуэзащ ШколакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэхэм щытекIуа, къыхэжаныкIа ди лъахэгъу ныбжьыщIэхэм, абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ.

ДИ ГУАПЭ зэрыхъущи, мыгъэрей апхуэдэ зэпеуэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэхуащ школ олимпиадэхэм ехъулIэныгъэ нэхъ лъагэ щызыIэрызыгъэхьа щIыналъэ тIощIым. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэр къапщтэмэ, ди республикэр абы щыпашэщ.

ШколакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кIэух зэпеуэм хэтащ ди щIыналъэм щыщ ныбжьыщIэ тIощIрэ блырэ. Абыхэм ящыщу къэралпсо зэпеуэм и утыкум щIэныгъэ куурэ зэфIэкI лъагэрэ къыщагъэлъэгъуащ цIыху пщIыкIутIым. Апхуэдэхэщ Iэрыпщэ Дамир, Жэхьфар Айдан, Дэхъу Амир, ДыщэкI Исуф, Егъужьыкъуэ Дамир, Жангоразовэ Нюржан, Карпов Елдар, Кульбаев Алий, МацIыхъу Умар, Несвит Полинэ, Панковэ Алисэ, ХьэцIыкIу Элинэ сымэ. Абыхэм Iэмал яIэнущ олимпиадэм зэрыщытекIуа унэтIыныгъэмкIэ ди къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм нэхъ тыншу, лъэпощхьэпоуншэу щIэтIысхьэну.

ЗэIущIэр гуапэу, купщIафIэу, хьэлэмэту екIуэкIащ. Зи щIалэгъуэхэр республикэм и Iэтащхьэм дэгуэшащ къэкIуэнум хуаIэ мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмкIэ, дэзыхьэх унэтIыныгъэхэмрэ я дуней еплъыкIэхэмкIэ.

«НыбжьыщIэхэм къагъэлъэгъуа зэфIэкIхэмрэ ябгъэдэлъ щIэныгъэхэмрэ гушхуэныгъэ къыпхалъхьэ. Гуапэ сщохъу ди ныбжьыщIэхэм зэчий зыбгъэдэлъ куэд зэрахэтыр. Дауи, школакIуэхэм зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм я лъабжьэр зыгъэтIылъар абыхэм еш ямыщIэу ядэлэжьа егъэджакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэщ, дапщэщи къакъуэт я адэ-анэхэращ, - къыхигъэщащ и псалъэм КIуэкIуэ Казбек. – Си фIэщ мэхъу апхуэдэ зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэм зыхуагъэувыж мурадхэм ерыщу зэрыхуэкIуэнур икIи ахэр зэрызрагъэхъулIэнур. Си гум къыбгъэдэкIыу сохъуэхъу я хъуэпсапIэ псоми ахэр ялъэIэсыну, я Iуэху дэкIыу, ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэрагъэхьэу псэуну».

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ, дапщэщи хуэдэу, ныбжьыщIэхэм щIэныгъэфI егъэгъуэтыным, сабий зэчиифIэхэм нэхъ хэкъузауэ ядэлэжьэным, ди школакIуэхэр зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм жыджэру хэтыным дяпэкIи къэрал, республикэ унафэщIхэм гулъытэ хэха зэрыхуащIынур. ЕгъэджакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ я IэщIагъэмкIэ ябгъэдэлъ щIэныгъэмрэ зэфIэкIымри хагъахъуэ зэпыту екIуэкIынущ, зэфIах лэжьыгъэми хуэфащэн пщIэ игъуэтынущ.

АвтобусыщІэхэр хуагуэш

Егъэджэныгъэм епха ІуэхущІапІэхэм я транспортыр егъэфІэкІуэн, я инфраструктурэм зегъэубгъун мурадкІэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм хыхьэ районхэм я школхэм автобус 20 яритащ мэкъуауэгъуэм и 1-м.

АВТОБУСХЭР иджырей транспортыр зэрыщытын хуей мардэм тетщ, сабийхэр тыншу ирызекІуэным хуэщІащ, тахографхэр хэтщ, ГЛОНАСС спутник ІэмэпсымэмкІэ зебгъакІуэ мэхъу, зи Іэпкълъэпкъым сэкъат иІэ сабийхэм папщІэ дэкІуеипІэ хэха иІэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и школхэм иджыпстукІэ автобус 228-рэ яІэщ, школакІуэ мини 10 автобускІэ еджапІэм яшэ.

«ТранспортыщІэм и фІыгъэкІэ сабийхэм я егъэджэныгъэр нэхъ нэгъэсауэ къызэгъэпэща хъунущ, псом хуэмыдэу къуажэ жыжьэхэм къикІхэм я Іуэхур. Лъэныкъуэ куэдкІэ зауэжьыну, щІэныгъэ зрагъэгъуэтыным нэмыщІ, дерс нэужьым лажьэ кружокхэмрэ секцэхэмрэ кІуэну Іэмал яІэнущ абыхэм», - иритхащ КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналым.

Школ лэжьакІуэхэм автобусыщІэ зэраІэрыхьамкІэ ехъуэхъуащ республикэм и Іэтащхьэр икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ сабийхэм ехъулІэныгъэ яІэу ядэлэжьэным къыхуриджащ.

Къудамэр мыгувэу къызэІуахынущ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек зригъэлъэгъуащ Республикэ клиникэ сымаджэщым медицинэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэмкІэ и къудамэщІэ яухуэр.

УХУЭНЫГЪЭХЭР и кІэм ноблагъэ. Инженер-техникэ къызэгъэпэщыжыныгъэр ирагъэкІуэкІ, щІыпІэ щхьэхуэхэр зыхуей хуагъэзэж. Абы иужькІэ медицинэ Іэмэпсымэхэр ягъэувын щІадзэнущ.

КъудамэщІэм зэпыгъэщхьэхукІа щІыпІэхэр иІэнущ: «удзыфэр» хухэхауэ щытынущ езыр-езыру ІуэхущІапІэм къекІуэлІахэм, «гъуэжьыр» - «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэмкІэ» къашахэм, «плъыжьыр» - сымаджэ хьэлъэхэмрэ пІэщІэгъуэкІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэ хуэныкъуэхэмрэ.

Абы хэтынущ сымаджэм и щытыкІэр къыщапщытэ, КТ, УЗИ, рентген аппаратхэр зыщІэт, уІэгъэхэр щапхэ, операцэ щащІ, травматологие, эндоскопие пэшхэр. Апхуэдэу реанимацэм епхауэ терапие пэшхэр иІэнущ. УхуэныгъэщІэр ІуэхущІапІэм и къудамитІым щхьэ зытелъ зэпрыкІыпІэкІэ пыщІауэ зэрыщытынум Іэмал къаритынущ дакъикъэ бжыгъэм сымаджэр здынэшэсыпхъэм нагъэсынымкІэ.

Мы ІэнатІэм Іэмал къаритынущ цІыхухэм икІэщІыпІэкІэ зыхуэныкъуэ дэІэпыкъуныгъэр етынымкІэ унэтІыныгъэм и лэжьыгъэр зэтеублауэ егъэкІуэкІынымкІэ, узыфэ зэхуэмыдэхэр зиІэ сымаджэхэм псынщІэу медицинэ Іуэхутхьэбзэр зыхуей хуэзэу зы щІыпІэм щагъуэтынымкІэ.

Абы хэпщІыкІыу лэжьыгъэр иригъэфІэкІуэнущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ цІыхухэм пІэщІэгъуэкІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэр яхуэщІэнымкІэ мыпхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр япэу лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпу щІэзыдзэхэм. КъудамэщІэр мы илъэсыр имыкІыу къызэІуахынущ.

● Махуэгъэпс

ШхэкІэми мардэ иІэщ

«Узыншагъэ шхэкІэм и махуэ» зыфІащар япэ дыдэу щагъэлъэпІар 2011 гъэращ. Мы Іуэхум нэгъуэщІуи йоджэ: «Мардэм иригъуазэ ерыскъы зэхьэлІэкІэм и махуэ» жыхуиІэу. Ар Урысей Федерацэм къыщагупсыса и жэуапт Америкэм и Штат Зэгуэтхэм (США) «УвыІэжыкІэ зымыщІэ шхэкІэ» зыфІащу, сыт и щІысри «щрагъэмэрэкІуэх» махуэу а къэралым къыщаублам. Гъэ дызэрытым «Узыншагъэ шхэкІэм и махуэр» ди къэралым 15-у щагъэлъапІэ.

КЪЫЗЭРЫРАХЬЭЖЬЭРЭ илъэс бжыгъэ дэкІами, зэрырагъэкІуэкІыр къэрал унафэ хэмылъущ. Ар УФ-м щыпсэухэм я деж щыгъэувынымкІэ жэрдэмыр къыхэзылъхьауэ щытар Интернетым щызэщІэуІуа гупышхуэм зэдыхэтахэрщ.

Кърахьэжьам и телъхьэхэр псынщІащэу куэд зэрыгъэхъуащ. Абыхэм къалъытащ мыр цІыхухэр нэхъ зыгъэпІейтей Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу. Ар къыщІэкІащ ерыскъы зэхьэлІэкІэм мардэ хэлъын зэрыхуейм ехьэлІауэ иужьрей илъэс пщІы бжыгъэм дэнэ лъэныкъуэкІи къыщрахьэкІ псалъэмакъым и щІэдзапІэу.

Пасэрей Алыджым щыпсэуа, дохутыр, философ цІэрыІуэ Гиппократ къызэрилъытамкІэ, узыфэ псоми къежьапІэ яхуэхъур шхэкІэ егъэлеярщ.

Ауэ щыхъукІи, зи гугъу тщІы махуэр хуэгъэзащ хабзэ пыухыкІа гуэрым тету ушхэн зэрыхуейм жылагъуэм гу лъегъэтэным.

Зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкІэ зэгъэпэща, егъэлеиныгъэ зыхэмылъ шхэкІэр - цІыхум, щыцІыкІум деж къыщегъэжьауэ, и ІэпкълъэпкъыР зэрыубыдынымкІэ, зыужьыныгъэ тэмэм игъуэтынымкІэ, и гъащІэр нэхъ кІыхь хъунымкІэ Іэмал нэхъ пажэхэм ящыщу къалъытэ.

«Узыншагъэ шхэкІэ» зыфІаща махуэм къыщызэрагъэпэщ зэхыхьэхэм, дерсхэм диетологхэмрэ психологхэмрэ щытопсэлъыхь арэзы узытехъуэ мыхъун хьэл-щэнхэмрэ псэукІэмыщІэмрэ укъызэрытекІ, зэрызэпхъуэкІ хъуну щІыкІэм, абыкІэ дэІэпыкъуэгъу хъуфыну Іэмалхэр зыхуэдэм.

Узыншагъэ къызыпыкІуэ шхэкІэр - ар цІыхум и Іэпкълъэпкъым зиужьынымкІэ, и узыншагъэр абы дефІэкІуэнымкІэ, узыфэхэм защидзеинымкІэ ІэмалыфІщ.

ШхэкІэ мыхъумыщІэм къыдэхъей узыфэхэм ящыщщ атеросклерозыр, гипертониер, фошыгъу узыр, остеопорозыр, щхьэ узыр, лъыдэуейр, цІыхур пшэрыщэ зэрыхъур, языныкъуэ лыщх узыфэхэм я щхьэусыгъуэуи арауэ къалъытэ.

Ауэ щыхъукІи, узыфэхэм нэхъ пэІэщІэ хъуну хуей Іэпкълъэпкъым дежкІэ нэхъыфІыр зыщигъэхъейкІэ къызэщІэзыгъаплъэ, ауэ къытемыхьэлъащэ Іуэхухэр егъэлэжьынырщ, ерыскъы зэхьэлІэкІэр мардэм тегъэтынырщ, фадэрэ тутынкІэ ерыщу щымытынырщ, лъэсу нэхъыбэрэ къэкІухьынырщ, жэщкІэ куэдрэ щымысынырщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Совет къэралым 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ Иныр къызэрыщихьрэ илъэс 80 зэрырикъуар Іэтауэ щагъэлъэпІащ щІыналъэ куэдым, хамэщІхэри хэту. Дауи, тхыдэ мыхьэнэшхуэ зиІэ а Іуэхугъуэм псом хуэмыдэжу гулъытэ щигъуэтащ ди Хэку абрагъуэм. Зауэшхуэм хэтахэм ящыщу куэдым я цІэхэр къаІэтыжащ, дуней псор зэщІэзыщтауэ щыта а мафІаем теухуа хъыбар минхэр щІэуэ яІуэтэжащ, хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм щызэбгрыкІащ, цІыхубэм ялъэІэсащ. ИтІани, иджыри куэдым я гум хэІущІыІу ямыщІауэ илъщ зауэжьым теухуа хъыбархэмрэ гукъэкІыжхэмрэ. Апхуэдэхэм ящыщщ ди «Адыгэ псалъэ» газетым и щІэджыкІакІуэ, абы и ныбжьэгъу пэж, Налшык дэт прогимназие №34-м гъэсакІуэу илъэс 30 хъуауэ щылажьэ Уэзы (Къэрэшей) Маринэ зэуапІэ губгъуэм зи къуиплІыр икІуэда и анэшхуэ Джэрыджэ Нурэ теухуауэ къытхуиІуэтэжа хъыбархэр.

УІэгъэ мыгъуэщыж

● Жыжьэ - гъунэгъу

МАРИНЭ и анэ Къэрэшей (Джэрыджэ) Іэминат къызыхэкІар адыгэ унагъуэ бынифІэхэм ящыщт. Нэхъапэм бынунагъуэхэр, я шхынкІэ, щыІэкІэ-псэукІэкІэ гугъу ехьми, зы унэ исхэр зэрыІыгъыт, зэхуэгуапэт, зэхуэгумащІэт. Апхуэдэт Маринэ и адэшхуэ Джэрыджэ Алджэрийрэ и анэшхуэ Нурэрэ (ар Нартокъуэхэ япхъут) я унагъуэ быныфІэр. Быний зэдагъуэтат абыхэм. ЯпэщІыкІэ дунейм къытехьат я щІалиплІыр: Хьэлым, Хъусен, Анатолэ, Исмэхьил сымэ. Абыхэм къакІэлъыкІуат Чэмилэт, ФатІимэт, Іэминат, ХьэІишэт хъыджэбзхэр. Зыхуей-зыхуэфІ псомкІи ирикъуу къызэмыгъэпэщами, яшхынрэ ящІэнрэ ягъуэтырт. Адэ-анэр Брамтэ жылэм (иджы Вольнэ Аул) щызэхэт хозяйствэм щылажьэрт. Быным ящыщу нэхъ къэжэпхъри адэ-анэм я дэІэпыкъуэгъу хъурт: щІалэхэр адэм и гъукІэгъэсэнт, хъыджэбзхэр анэм и нэІэм нэхъ щІэтти, унагъуэ Іуэхухэм, дэн-бзэнымрэ пщэфІэнымрэ хуэІэкІуэлъакІуэу къэхъурт. Я бын дыгъэм яхэплъэ зэщхьэгъусэхэм я гум щагъафІэрт дэтхэнэми ехьэлІа хъуэпсапІэхэр.

А псори зэщхьэгъусэхэм ІэщІыб яригъэщІащ 1941 гъэм къэхъея Хэку зауэшхуэм. Джэрыджэ Алджэрий и къуэхэри зэкІэлъхьэужьу Іухьащ фронтым. Дзэ къулыкъум нэхъ пасэу ираджауэ щыІэххэ Хьэлымрэ Анатолэрэ абыкІэ кърагъэкІри, зауэ ІэнатІэм пэрыуващ. Хъусен ди щІыпІэм къыщызэрагъэпэщауэ щыта 115-нэ шуурей дивизэм хэхуэри, абы хэту зэуащ. Зэшхэм я нэхъыщІэ Исмэхьили балигъыпІэ зэриувэу, 1942 гъэм, зауэм дашащ.

Джэрыджэ зэкъуэшхэм ящыщу зыми къагъэзэжакъым. Быным я нэхъыжь Хьэлым (1914 - ...) рядовойт, Польшэм и гъэрыпІэхэм ящыщ зым икІуэдащ, Ченстоховэ къалэм щыщІалъхьэжащ. Абы къэкІэлъыкІуэ Хъусен (1917 - 1942) красноармеецт, Шуурей дивизэ цІэрыІуэм хэтахэм ящыщу Ростов и Іэшэлъашэм щыхэкІуэдащ, къуэшыкъэм щІэлъщ. Анатолэ (1920 - 1945) офицерт, танкым и командирт. Зауэр иухыным мазищым щІигъу фІэкІа къэмынауэ ар Польшэм щаукІащ, Кельце къалэм щыщІалъхьэжащ. Исмэхьил (1924 - 1942) рядовойт, ар хъыбарыншэу кІуэдащ...

- А гуауэшхуэр зытепсыха дадэрэ нанэрэ, зэшыпхъуиплІым мо уафэр къелъэхъшэхыу щІипІытІам хуэдэт. Псом хуэдэжтэкъым Ныуэ (арат нанэ дызэреджэр) - абы и дыгъэр ункІыфІат, гъащІэм нэхугъи ІэфІыгъи хилъэгъуэжІатэкъым. Ныуэ фІэгуэныхь хъурти, ди адэшхуэр хэтт зи бын зыфІэкІуэда анэр зыгуэркІэ тригъэуну, игу фІы хуищІыну. АтІэми езы тхьэмыщкІэм псэкІэ игъэвырт унагъуэм къатехуа удын хьэлъэр, и гущІэр кърисыкІыу, - жеІэ Маринэ.

Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэси 10 щрикъуа илъэсым, 1955 гъэм и накъыгъэм и 5-м, Алджэрий дунейм ехыжащ. Ар ихьащ бын гукъеуэм (нэхъ хьэлъэ щыІэ!?), сыт хуэдэурэ зимыІыгъами, и гум хуэхьакъым зэрыхуа щытыкІэ къызэрымыкІуэр, зэвыр. ЦІыхуфэр Іуву жаІэми, цІыхупсэр махэщ...

Маринэ зэрыжиІэжымкІэ, дади имыІэж щыхъум, Ныуэ нанэ тхьэмыщкІэр нэхъри гупсысэм хэхуащ. Махуэр зи кІыхьагъым абы чэзуурэ къызэхикІухьырт и къуэхэм яхуигъэхьэзырауэ щыта лэгъунэхэр. Абыхэм ящыщу зыри хунэсатэкъым щхьэгъусэ къишэну, бынунагъуэ хъуну, ауэ зи бынхэм ежьэ зэпыту зи гъащІэр зыхь анэм дэтхэнэми пэш цІыкІу хуигъэхьэзырат, къэкІуэжмэ, нысащІэ цІыкІуи къаригъэшэну и мураду. А лэгъунэхэм ящыщ дэтхэнэми фІэлът и къуэхэм я сурэт, ахэр къызэгъэпэщат зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ. «ЩыІэщ зауэм хэкІуэда я гугъауэ илъэс бжыгъэ дэкІыу къэкІуэжхэри. Апхуэдэ хъыбархэр зэхызох сэри. Хэт ищІэрэ, ди щІалэхэм ящыщ гуэркІэ Алыхьыр къытхуэупсэжмэ, мис: лэгъунэр хьэзырщ», - жиІэрт Ныуэ.

Апхуэдэу НурэІуэхукІэ зыщІыпІэ кІуэми, ипхъухэм я деж лъагъунлъагъу яшэми, пэш къэс щІыхьэурэ и къуэхэм я сурэтхэм яжриІэрт къыпэщылъ Іуэхухэмрэ махуэм хуиІэ мурадхэмрэ. КъэкІуэжа нэужьи апхуэдабзэу сурэтхэм ябгъэдэтІысхьэурэ хъыбархэмрэ къэхъукъащІэхэмрэ яхуиІуэтэжырт. Ар гъащІэ хабзэ ищІауэ щытт Маринэ и анэшхуэм.

- Ныуэ ипхъухэм я ещанэт си анэр. Ар Брамтэ хьэблэм щыщ, и дыщым пэмыжыжьэу щыпсэу Къэрэшейхэ нысэ яхуэхъуат. Дадэ дунейм щехыжым, школ нэужьым Ныуэ жэщгъуэлъу сыкъыхуагъакІуэу хуежьащ. Абы къыхэкІыу а псори махуэ къэс си нэгу щІэкІырт. Языныкъуэхэм деж сурэтхэм зэгъусэу дригъэпсалъэрт, си хъыбари яхуиІуатэрт. Анэшхуэм деж нэхъ кІуэрейуэ сызэрыщытым щхьэкІэ, щІалэхэм сэ псом нэхърэ нэхъыфІу сыкъацІыхуу жиІэрт, - гукъэкІыжхэм пещэ Маринэ. - Иджыпсту хуэдэу си нэгум щІэтщ: сэ школым къыщыдата унэ лэжьыгъэхэр сщІыжу сыщысщ, Ныуэ, Іуэху здищІэм, щэхуу къреш и къуиплІым яхуиуса гъыбзэр, нэхъыжьым деж щиублэрэ нэхъыщІэмкІэ иухыжу, дэтхэнэми и цІэр къриІуэу, тэмакъыщІэм къыщІэгъуалъхьэ нэпс гуащІэм щызэпиудыр нэхъыбэу.

Нанэр тригъэун и гугъэу пхъурылъхум абы ІэплІэ хуабэ иришэкІырт апхуэдэхэм деж, арщхьэкІэ быныр зыфІэкІуэда анэм и гур зыгъэхуэбэфыну щыІэр нэгъуэщІти, абы хъыджэбз цІыкІум къару хуиІэтэкъым, Іэмали хуигъуэтыртэкъым...

«Нэмыцэ танкыжьыр зырызыххэу къокІуэ,
Зырызыххэ мыгъуэу фэ фыдэзгъэкІати, си къуэхэ, уей,

- иублэрт гъыбзэр Ныуэ нанэм. АдэкІэ абы пищэрт, и щІалэхэм ящыщ дэтхэнэми едзыгъуэ лъигъэсу:

«А уи шы дахитІ мыгъуэри бом ныщІашэжаи, си Хьэлым,
МафІэ къэлында мыгъуэм фэ фыныхаша мыгъуэщ, уей.
А уи фащэ дахэри уи пкъым сэ езгъэкІурти, си Хъусен,
Зауэр фэзмыгъэкІуххэурэ сэ фыдэзгъэкІа мыгъуи, уей.
Щхьэц хъурыфэ цІыкІум укъигъэщІэращІэти, си ТІутІэ,
Зыми фыкъыщамыщІэ щІыпІэми фэ фикІуэдэжа мыгъуи, уей.
Сэшхуэу уэ зепхьари, си Исмэхьил, дыгъэм ныполыдри,
МафІэ къэлында мыгъуэм фэ фыхисыхьа мыгъуи, уей».

Алджэрийрэ Нурэрэ. *1937 гъэ.*

Мы гъыбзэр куэдрэ зэхэзыха Маринэ ар игу иримыубыдэу къэнэнт? Маринэ, и анэшхуэм хуэдэу, ар къыхедзэри жеІэ, и гум зэрытехуэмрэ и псэм хуэхьынумрэ нэскІэ. Абы зэрыжиІэмкІэ, Ныуэ апхуэдэу тесырейт я куэбжэпэм деж щыт тетІысхьэпІэ цІыкІум, и гъыбзэр щэхуу, гукъутэу кърищу. Ипхъухэм я гур ихъумэрти, ахэр къыщыкІуэжам деж гъыбзэр жиІэртэкъым - ар къыщыІур пхъурылъху ІэфІымрэ езымрэ я закъуэ къэнауэ щхьэж и къалэн щыпэрытым дежт. АтІэми псоми ящІэрт Ныуэ нанэ быным гъыбзэ зэрахуиусари, зи гур хэщІ анэм, анэшхуэм дапщэщи дэмахъэрт, ар зэрытрагъэуным, и гур фІы къащІу зымащІэ нэхъ мыхъуми ягъэгуфІэну хущІэкъуу. Арат, гуауэр щхьэщахын, къыдагъэпсынщІэн мурадкІэт, Ныуэ ипхъухэм я деж хьэщІапІэ щІашэрейри.

Къытепсыха насыпыншагъэм щхьэлажьэ ищІа Ныуэ нанэр гуузу дунейм ехыжащ. Іуэху иІэу щыдэкІа зэгуэрым ар гъуэгум техьэри, машинэ блэжым кІэщІэзэрыхьащ... Тхьэм ещІэ а дакъикъэм анэ тхьэмыщкІэм и гупсысэхэр здэщыІар... И гум кърлдзауэ зыхуэкІуэр дэтхэнэ и къуэрауэ пІэрэт?

- Гъуэгум къыщыхъуа а насыпыншагъэм ирихьэлІат си анэ Іэминат, автобусым ису здыблэжым, атІэми а машинэм пэщІэхуар Ныуэу сыткІэ ищІэнт? Автобус къэувыІэпІэм къыщитІысхьа ди гъунэгъу бзылъхугъэ гуэрым абы къыжриІащ абдеж машинэм щриудар и анэрауэ зэрыщытыр, ар сымаджэщым зэрашар, - и нэпсхэр къекІуэу хъыбарыр еІуатэ Маринэ. - Автобусым къикІыу сымаджэщым кІуэну хуежьат мамэ, арщхьэкІэ рулым дэс цІыхухъур адрей псоми елъэІури, ахэр къэувыІэпІэм щригъэкІащ, гуауэ къызылъыкъуэкІа ди анэри нанэ здашам нигъэсащ. Апхуэдэ псапэ зыщІар хэтми ноби тщІэркъым, ауэ дапщэщи фІыщІэ хуэтщІу дыкъокъуэкІ...

Апхуэдэу 1976 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм дунейм ехыжащ Джэрыджэ Нурэ. Абы быным яхуиусауэ щыта гъыбзэр и гум щихъумауэ, Маринэ куэдрэ нэпс яхущІегъэкІ зи къуиплІым пэплъэу и гъащІэр зыхьа нани, зауэ ІэнатІэ гугъум ІукІуэда и анэ дэлъхухэми.

Уэзым и адэшхуэ-анэшхуэр щыпсэуа унэшхуэм иджы хамэ цІыхухэр дэсщ. Зэшыпхъухэр ТекІуэныгъэм и махуэм деж илъэс къэс екІуэлІэжу щытащ адэжь лъапсэм, дунейм ехыжа я адэ-анэм, я дэлъхуиплІым я фэеплъу жьэрымэ хуагъэуну. А Іуэхухэм зэрыхэтымкІэ и псэр иримыкъуу, Іэмал зэригъуэту Маринэ хуэмурэ ноби ирокІуэ ТекІуэныгъэ иным зи псэр щІэзыта Джэрыджэ зэкъуэшхэм я цІэр зезыхьэ уэрамышхуэм. И адэшхуэ-анэшхуэр зыдэса лъапсэм щынэскІэ, дауи, абы и гур къоузыкІ, нэпсхэм ятхьэлэ, апхуэдизу а псори абы и дежкІэ хьэлъэщ икІи лъапІэщи.

- Си Ныуэ щетІысэхыу щыта тетІысхьэпІэм тесІамэ, языныкъуэхэм деж ар си нанэрауэ къысфІощІри, сыбгъэдыхьэу ІэплІэ хуабэ хуэсщІыну сыкъохъу, арщхьэкІэ зыкъызощІэжри сыблокІ, хъуапсэмрэ гугъэмрэ саІыгъыу... Апхуэдэ си зекІуэхэм ящыщ зым иужькІэ стхащ мы усэ цІыкІури:

Си Ныуэ
Си сабиигъуэр щыкІуауэ
НэщІщ си анэшхуэм и лъапсэр.
Си нанэ ІэфІу си Ныуэ
Нэпсым исати и напІэр.
Си пщІыхь укъыхохьэ, си Ныуэ,
ЩІихауэ Іэпкълъэпкъыр гуауэшхуэм...
Утесщ тетІысхьэпІэм, ужауэ,
ІэфІагъ хуимыІэж дунеишхуэм.
Гъыбзэжьыр гурыщІэм къиІукІыу,
Ихъуреягъыр пшагъуэбэщ.
КъапщІэркъым дыгъэр къыкъуэкІыу,
МазэщІэми ухуэгущІыІэщ.
Уапоплъэ уи бынхэм куэд щІауэ,
ЩІалиплІым хъыбари ямыІэ.
КъыпфІощІ языхэз къэкІуэжауэ,
НэщІыбзэщ лэгъунэр арщхьэкІэ...
Іуэху гуэр къыкъуэкІамэ, си Ныуэ,
Уэ захуэбгъазэрт сурэтхэм.
Уи щхьэ епхьэлІэу уи бынхэм
ЯхуэпІуэтэжырт хъыбархэр.
А псори щхьэм щыджэрэзу
Сэ сынэсащ, мес, лъапсэжьым.
Тесщ тетІысхьэпІэм цІыху хамэ,
Ныуэ бгъурысщ абы ныбжьу...

Маринэ сымэ я адэшхуэ щабэри, анэшхуэ ІэфІу НыуэкІэ зэджэу щытари, абыхэм зауэжьым яІэщІиха я къуэхэри, а гуауэшхуэр адэ-анэм ядэзыгуэшу щыта зэшыпхъухэми ящыщу зыри дунейм тетыжкъым. Шэч хэлъкъым - Джэрыджэхэ Алджэрийрэ Нурэрэ я унагъуэшхуэм исахэм я псэхэр псори зэрихьэлІэжащ. Апхуэдэу егупсысу къыщІэкІынщ абыхэм къащІэхъуа щІэблэр икІи, дауи, а псоми щхьэкІэ къиузыкІ я гур ягъэсабыр, дунеягъэкІэ къахуимыухами, япэ ищахэм я псэхэр ахърэтым щызэрихьэлІэжу гу зэщахуэжауэ къыщІэкІынщ, жаІэри. Ахэр псори жэнэтым щымамыру Алыхьым къыщІигъэкІ...

Джэрыджэхэ я пхъурылъху Уэзы Маринэ къытхуиІуэтэжа Іуэхугъуэхэр къызэрыхъурэ илъэс куэд дэкІауэ, ахэр аддэ жыжьэ щыІэу къыпфІэщІынкІи мэхъу, зэ еплъыгъуэкІэ. АтІэми ахэр хэмыгъуэщэжын лъэужьу гум къинэхэм, зэи ящымыгъупщэ къэхъукъащІэу псэ лъащІэм щахъумэхэм ящыщщ абыхэм я дежкІэ.

Алджэрийрэ Нурэрэ я щІалэхэм ятеухуа хъыбар гуауэм щыгъуазэ зыхуэпщІа нэужьи, къыпщохъу а дадэмрэ Ныуэ нанэмрэ, зауэжьым зи гъащІэр ихьа абыхэм я къуэхэм хуэдэ сэлэт мелуанхэр ди гъусэу мафІэшхуэм и гъунапкъэ шынагъуэм цІыхухэр ноби дыІуту, ди гур зэвыпІэ итрэ ди псэр гужьеипІэ ихуэу...

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Дзэ Іуэху хэхам хэтхэр къыхашэ

Урысеймэкъумэшбанкымрэ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ зэгъусэу кърахьэжьа, ди къэралым и АПК-м и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфІхэр хуэзыщІ «Фермерым и еджапІэ» егъэджэныгъэ пэхуэщІэр илъэс зыбжанэ хъуауэ Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм, адрейхэм яйхэми хуэдэу, жыджэру икІи ехъулІэныгъэхэр иІэу щолажьэ. А еджапІэм псом нэхърэ нэхъыбэу къекІуалІэр мэкъумэш ІэнатІэм илъэс куэд хъуауэ пэрыт, абы и кІуапІэхэм фІыуэ щыгъуазэ мэкъумэшыщІэхэрщ, хьэрычэтыщІэхэрщ.

АПХУЭДЭУИ абыхэм яхэтщ мэкъумэшымрэ бизнесымрэ зи зэфІэкІыр здынэсыр щызыгъэунэхуну, я щхьэ хуэлэжьэжыну мурад зиІэхэри. Ауэ 2024 гъэм щегъэжьауэ КИФЩІ-м и щыналъэхэм я «Фермерым и еджапІэм» щеджэн щІадзащ дзэ Іуэху хэхам и ветерану цІыху 60-м щІигъум, мамыр гъащІэм ахэр къыхэшэжынымкІэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхъун мурадкІэ ирагъэблэгъауэ.

Ар щыжаІащ «Хэкухэм я хъумакІуэхэр» фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм. ЖыпІэнурамэ, «Фермерым и еджапІэ» пэхуэщІэм СВО-м хэтахэм сэбэпынагъыу къахуихьыр зыхуэдэм тепсэлъыхьащ Урысеймэкъумэшбанкым и унафэщІым и чэнджэщэгъу Белеску Любовь, Минводы щекІуэкІа Кавказ инвестицэ зэхуэсышхуэм щыІэу.

«Дзэ Іуэху хэхам хэтахэр мамыр гъащІэм къыхэшэжыным хуэунэтІауэ Урысеймэкъумэшбанкым программэ зыбжанэ егъэлажьэ, абыхэм ящыщщ «Фермерым и еджапІэ». Ди къэралым и щІыналъэхэм щыІэ мыпхуэдэ пэхуэщІэхэм СВО-м и ветеран 300-м щІигъу иджыпсту къызэщІаубыдэ, абыхэм ящыщу 65-р КИФЩІ-м ейуэ. Ахэр хурагъаджэ агробизнесым и щэхухэм.

Ди программэм мыхьэнэуэ иІэмрэ абы фІагъыу хэлъымрэ къэзыгъэлъагъуэр ди еджакІуэхэм я щІэныгъэм теорие закъуэкІэ хагъахъуэ мыхъуу, атІэ мэкъумэш, хьэрычэтщІэн ІуэхущІапІэхэм щыІэу абыхэм я лэжьэкІэ-щыІэкІэм зэрызыщагъэгъуэзэфырщ, езыхэм къызэІуахыну ІэнатІэщІэхэм, ахэр нықъусаныгъэншэу ягъэлэжьэн щхьэкІэ, зыпэщІэхуэнкІэ хъуну лъэпощхьэпохэр къызэрызэранэкІыным и щэхухэр зэрызрагъащІэфырщ. ПэхуэщІэм СВО-м и ветеранхэр зэрешалІэ, я гупсысэкІэхэмкІэ, Іуэху еплъыкІэхэмкІэ зэдэгуэшэну Іэмал ярет, щІэ куэд зэгъусэу къызэдащІэ. Ди программэм ехъулІэныгъэфІхэр иІэщ икІи, шэч хэмылъу, абы адэкІи пытщэнущ», - къыхигъэщат Белеску Любовь.

2025 гъэм мэлыжьыхьым «Фермерым и еджапІэ» пэхуэщІэм лэжьэн щыщІидзащ Кавказ Ищхъэрэм и Ставрополь крайм, КъШР-м, Шэшэным, Дагъыстэным икІи абыхэм щоджэ СВО-м хэтхэр, ветеранхэр, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэр. Псалъэм папщІэ, абыхэм хыхьэу еджакІуэ 22-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, еджакІуэ 22-рэ Къэрэшей-Шэрджэсым, еджакІуэ 13 Ингушым, еджакІуи 8 Осетие Ищхъэрэ - Аланием я школхэм я щІэныгъэхэм щыхагъахъуэ. КъБР-мрэ Ингушымрэ ахэр щыхурагъаджэ Іэщ гъэхъунымрэ жыг хадэ гъэкІынымрэ я щэхухэм, КъШР-м - агрономиемрэ зоотехниемрэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланием - фермер ІуэхущІапІэхэр къызэІухынымкІэ щыІэ Іэмалхэмрэ биотехнологиемрэ.

«Фермерым и еджапІэ» программэм хохьэ теорие еджэныгъэм хухэха зэману сыхьэти 150-рэ, практикэм - мази 2,5-рэ е псори зэхэту сыхьэти 100-м щІигъу. ЕджапІэр къауха нэужь къэралым и дипломхэр абыхэм ират икІи Іэмал яІэ мэхъу езыхэм я щхьэ хуэлэжьэжыну е я ІэнатІэщІэхэр къызэІуахыжыну. Къыхэгъэщыпхъэщ, еджакІуэхэр зыхурагъэджэну ІэщІагъэхэр щІыналъэхэм езыхэм къызэрыхахыжыр, ахэр нэхъыбэу зыхуэныкъуэ ІэщІэгъэлІхэм тещІыхьауэ.

ИщхьэІуэкІэ зэрыщыжытІащи, «Фермерым и еджапІэ» пэхуэщІэм нэмыщІ Урысеймэкъумэшбанкым нэгъуэщІ программэхэри иІэщ СВО-м и ветеранхэр гъащІэ мамырым къыхэшэжыным, дэзыхьэх ІэнатІэ иІэным хуэунэтІауэ. Абыхэм хохьэ социальнэ, щэнхабзэ, спорт, н.къ. унэтІыныгъэхэри. А псом къадэкІуэу, банкым мурад иІэщ дзэ Іуэху хэхам и ветеранхэм лэжьыгъэ ІэнатІэхэр къахуэгъуэтынымкІэ лэжьыгъэ щхьэхуэхэр иригъэкІуэкІыну.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, «Фермерым и еджапІэ» егъэджэныгъэ пэхуэщІэр япэу къыщежьар Кавказ Ищхъэрэращ икІи псыпэр хэзышар Ставрополь крайрщ, 2020 гъэм.

2025 гъэм гъатхэм и пэщІэдзэм КъБР-м, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием я школхэм щІэтІысхьащ цІыху 90-м нэблагъэ. Дызэрыт илъэсым и фокІадэм Ставрополь крайм, КъШР-м, Шэшэным, Дагъыстэным я еджапІэхэм еджакІуи 110-м нэблагъэ иджыри щІэтІысхьэнущ. Мы гъэм КИФЩІ-м щыІэ «Фермерым и еджапІэ» псоми зэхэту цІыху 200-м нэблагъэм щІэныгъэхэр щызрагъэгъуэтынущ. Мыдрейуэ, япэ илъэсхэм щыщІэдзауэ нобэр къыздэсым цІыху 480-м ар къаухащ, мыгъэрейхэр хэбгъэхьэжмэ, а бжыгъэр 680-м нэсынущ.

Псом нэхъыщхьэжращи, а пэхуэщІэм ухыхьэн щхьэкІэ абы пщІэ щІэптыркъым, гукъыдэжрэ мурадрэ уиІэн хуей къудейуэ аращ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэхъуэкІыныгъэ егъуэт

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Іэ щІидзащ дзэм хэту гъэр хъуа е хъыбарыншэу кІуэдахэм я бынхэм зэман пыухыкІам кърнубыдэу мазэ къэс ахъшэ зэрыратым къыпызыщэ пІалъэм теухуа унафэм. Накъыгъэм и 30-м а дэфтэрыр кърыалъхьащ хабзэхэм ухэзыгъэгъуазэ интернет-порталым.

НЭХЪАПЭКІЭ апхуэдэ ахъшэр зауэлІым и командирым и унафэм къызэрыщыгъэлъэгъуам тету, ар щыкІуэда махуэм щегъэжьауэ мазихкІэ ирату арат. ХабзэщІэм ипкъ иткІэ, иджы зауэлІыр хъыбарыншэу зэрыщыт пІалъэм къриубыдэу ахъшэр иратын хуейщ. Апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэр халъхьащ 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м къыдагъэкІа «ЗэгурыІуэныгъэкІэ дзэм къулыкъу щызыщІэхэм я бынхэм мазэ къэс ират социальнэ ахъшэм теухуауэ» унафэм и 3-нэ Іыхьэм.

КъызэрыхагъэщамкІэ, а ахъшэр цІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуеину мылъкуу сабийхэр щыпсэу щІыналъэм щагъэувам хуэдиз хъунущ. Хабзэм къару игъуэтащ абы Іэ щыщІадза махуэм щегъэжьауэ.

Хэкупсэу къохъу

УФ-м и Къэрал Думэм ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІ Кабышев Сергейрэ абы и япэ къуэдзэ Мажугэ Александррэ яхуэзащ «Дэ ТекІуэныгъэм дрищІэинхьыжщ» Іуэхум зыкъыщызыгъэлъэгъуа еджакІуэхэм - «Пэрытхэм я зэщІэхъееныгъэм» хэтхэм, юнармейцхэм, волонтёрхэм.

ДЕПУТАТХЭР тепсэлъыхьащ къэралым щекІуэкІ гъащІэм ухэтыным мыхьэнэшхуэ зэриІэм, социальнэ жыджэрагъым къахузэІуихыну Іэмалхэм. Апхуэдэу абыхэм сабийхэм я упщІэхэм жэуап иратащ икІи фІыщІэ хуащІащ жэрдэмщІакІуэу, жылагъуэр зэкъуэзыгъэувэ лъапІэныгъэхэм дихьэхыу зэрыщытым папщІэ.

Кабышев Сергей ныбжьыщІэхэр къыхуриджащ щІэныгъэ куу зрагъэгъуэтыну, хэкупсэу щытыну икІи къыхигъэщащ абыхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр - ар ветераным хуащІа дэІэпыкъуныгъэу е къэралым и пщІэр зыІэт Іуэхугъуэхэм жыджэру зэрыхэтыр арауэ ирехъуи - Хэкум и къэкІуэнум хуащІ хэлъхьэныгъэшхуэу зэрыщытыр.

ЗэІущІэм и кІэм «Дэ ТекІуэныгъэм дрищІэинхьыжщ» зэхыхьэм хэтахэр ягъэпэжащ фІыщІэ тхылъхэмрэ саугъэтхэмкІэ.

Мэкъуауэгъуэм и 3, *гъубж*

♦**Лъакъуэрыгъажэм и дунейпсо махуэщ**

♦**1935 гъэм** къалъхуащ биологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, сабийхэм папщІэ тхылъ куэд къыдэзыгъэкІа **Тамбий Александр**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ публицист, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель **Шал Мухьэмэд**.

♦**1953 гъэм** къалъхуащ радиожурналист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Урысей артиадэм и лауреат **Багъэтыр Нинэ**.

♦**1962 гъэм** къалъхуащ Кубаным и къэрал, политикэ лэжьакІуэ, Успенскэ куеймрэ Армавир къалэмрэ я Іэтащхьэу, Краснодар крайм и губернаторым и япэ къуэдзэу щыта **Хьэту Жамболэт**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градус 13 - 15 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 4, *бэрэжьей*

♦**Бийр къащытеуам хэкІуэда сабийхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**1943 гъэм** Налшык щекІуэкІащ фашистхэм я бийуэ республикэм и цІыхубзхэм къызэрагъэпэща пэкІур.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Фор ІэфІ дыдэщ - зигу иримыхьым ишхыркъым.

УэркIэ лъэпкъыр мэгушхуэ, Хьэбил!

● ДифI догъэлъапIэ

Адыгэ щIыналъэр къулейщ зи гуащIэмрэ гъащIэмрэ лъэпкъ зыужьыныгъэм хуэзыгъэпс цIыху зэчиифIэхэмкIэ. Апхуэдэ гуащIафIэ икIи акъылыфIэ куэд къыдэкIащ Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэшхуэм. Абыхэм ящыщщ КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием хэт, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Къардэн Хьэбил. Мы махуэхэм илъэс 85-рэ ирокъу Къардэным и ныбжьыр. Абы теухуа тхыгъэ купщIафIэщ фи пащхьэ итлъхьэр. Ар къытхуитхащ «Адыгэ псалъэ» газетым и ныбжьэгъуфI икIи и щIэджыкIакIуэ, УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, профессор Блий Станислав.

«АДЫГЭ хабзэрэ лъэпкъ нэмысрэ щызекIуэ унагъуэ дахэщ Къардэн Хьэбил къыщалъхуар. НэхъыжьыфIхэр зи гъуэгугъэлъагъуэ щIалэр къэхъуащ гурыхуэу, гъащIэр, дунейр и щIэщыгъуэу. И сабиигъуэр зауэ нэужь лъэхъэнэ ткIийм хиубыдами, Хьэбил еджэным хэзагъэу, зыщIэс школым щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэм дахьэх комсомолец жыджэру щытащ. Курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къэзыуха щIалэщIэр япэщIыкIэ щылэжьащ Тырныауз къалэм дэт «Молибден» IуэхущIапIэм. 1959 гъэм дзэм ираджэри, Хэкум къулыкъу хуищIащ.

Еджэным зи нэ къыхуикI щIалэр дзэ къулыкъум къыпэрыкIыжа нэужь, КъБКъУ-м и инженер-техникэ факультетым щIэтIысхьащ. Зэрихабзэу, ари ехъулIэныгъэкIэ къиухащ Къардэным. Къыхиха IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэрэ зэфIэкIыфIрэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлI щIалэр инженер-конструктору ирагъэблэгъащ щытащ Налшык дэт машинэухуэ заводым. Лэжьыгъэм щIэхыу хэгъуэзат икIи хуабжьу дихьэх хъуат Хьэбил. А лъэхъэнэм конструктор нэхъыщхьэу а IуэхущIапIэм щылэжьа ФIэщмыхъу Борис жиIэжу зэрыщытамкIэ, Совет Союз къэралышхуэм щыяпэу ди республикэм щрагъэкIуэкIырт щIыдагъэ промышленностым и зыужьыныгъэм епха къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр. Конструктор IэщIагъэлI щIалэхэм, Къардэн Хьэбили яхэту, я зэфIэкIышхуэ ирахьэлIауэ щытащ къэралпсо мыхьэнэ зиIэ а къалэныр къызыхуэтыншэу зэфIэха хъуным.

ЩIэныгъэ-къэхутэныгъэхэм хуэнабдзэгубдзаплъэу, абыхэм хуабжьу дахьэхыу гу зылъата Хьэбил куэд дэмыкIыу КъБКъУ-м и инженер-техникэ къудамэм лэжьыгъэм щыпищащ, япэщIыкIэ электротехникэмкIэ кафедрэм и ассистенту, иужькIэ егъэджакIуэу. Куэд дэмыкIыуи Къардэным игъэхьэзыращ икIи ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ и кандидат диссертацэр. ЕгъэджакIуэ Iэзэу, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу зыкъэзыгъэлъэгъуа щIэныгъэлIыр 1973 гъэм ягъэуващ КъБКъУ-м и проректору. Жэуаплыныгъэ зыпылъ а къулыкъу лъагэм щIыгъуу Къардэныр икIи «Машинэхэр зэрызэпкърылъ Iыхьэхэр» кафедрэми и доцентт.

Дзыхь къыхуащI IэнатIэр езыгъэфIакIуэу, зи къалэнхэр ныкъуусаныгъэншэу зэфIэзыхыу зи хьэл Къардэным и фIыгъэ куэд хэлъщ а лъэхъэнэм университетым игъуэта зыужьыныгъэфIым. КъБКъУ-м и проректорхэм ящыщу нэхъ щIалэ дыдэм жэрдэмхэр къыхилъхьауэ щытащ студентхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэм и IэщIагъэлIхэмрэ папщIэ псэупIэщIэхэр ухуэн, университетым и къудамэщIэхэр къызэIуxын зэрыхуейм ехьэлIауэ. Абыхэм ящыщт университетым Iуащхьэмахуэ лъапэ щиIэ хэщIапIэм шхапIэщIэрэ зыгъэпсэухупIэ IэнатIэрэ къыщызэIухыным епхахэри.

Къардэным къыхилъхьа Iуэхугъуэхэр я тегъэщIапIэу, зэман кIэщIым къриубыдэу яухуауэ, зыхуейзыхуэфI псомкIи къызэрагъэпэщыжауэ щытащ физико-математикэ къудамэм и унэшхуэр. Куэдрэ къэхъурт, лэжьыгъэр иуха нэужь, ар КъБКъУ-м и ректору абы щыгъуэ щыта Лъостэн Владимир и деж къакIуэурэ студентхэр пщэддджыжьыкIуэ защIэу зэрырагъэджэным, социальнэ мыхьэнэ зиIэ нэгъуэщI Iуэхухэм пщыхьэщхьэр хэкIуэтэху щытепсэлъыхь. ЖыпIэнурамэ, проректору зэрылэжьа илъэс 21-м къриубыдэу Къардэн Хьэбил и нэIэм щIэт унэтIыныгъэмкIэ лэжьыгъэ купщIафIэ зэфIигъэкIащ. А лъэхъэнэм къриубыдэу университетым и IэщIагъэлIрэ егъэджакIуэу 866-м фэтэрыщIэхэр иратауэ щытащ. А зэманым яухуауэ щытащ еджапIэ унэщIэхэри. Апхуэдэхэт физико-математикэ факультетым къедзар, ректоратым, экономикэ факультетым я унэхэр. Студентхэмрэ КъБКъУ-м и лэжьакIуэхэмрэ папщIэ къызэIуахат шхапIэщIэу тIу, псэупIэ унэшхуэуи тIу.

Хьэбил игу къызэригъэкIыжымкIэ, КъБКъУ-м Iуащхьэмахуэ лъапэ щиIэ хэщIапIэм нэхъри зегъэубгъуным лъэпощхьэпо куэд пыщIауэ къыщIэкIат. Псом япэрауэ, ухуэныгъэщIэхэр щебгъэкIуэкIын щIы Iыхьэ къыхупачын хуейт университетым. А щхьэусыгъуэмкIэ Къардэным мызэ-мытIэу щыIат ди къэралым и щыхьэрым щыIэ къулыкъущIапIэ зыбжанэм, СССР-м и Къэралплан IэнатIэри хэту. Акъылрэ ерыщагъэрэ зыхэлъ апхуэдэ зекIуэм иужькIэ университетым а щIыпIэм къыщыхупачауэ щытащ гектаритхурэ никъуэрэ хуэдиз хъу щIы Iыхьэ. Абдежым щаухуэну траухуат студентхэм папщIэ къатитхуу зэтет псэупIэ, хьэршыр джыным епха лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIыну лабораторэ ин, шхапIэ, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэри. Университетым и хэщIапIэм и гъунэгъуу абы щыгъуэ щаухуэрт жьы къызыпиубыдхэм папщIэ республикэ сымаджэщ. КъБКъУ-м и нэIэм щIэту ирагъэкIуэкI ухуэныгъэхэм къепха инженер коммуникацэхэр а сымаджэщым и пщIантIэмкIэ кIуэцIрыкIырти, Хьэбил зэрыжиIэжымкIэ, университетым и ректорым быдэу унафэ ищIауэ щытащ сымаджэхэм папщIэ жьы къабзэ къэзыт илъэсищэ псейхэм ящыщу зыри ирамыупщIыкIыу коммуникацэхэр зэбграшыну. УхуакIуэ управленэ №9-мрэ студентхэм я ухуакIуэ гупымрэ ректорым ищIа а унафэ дахэм тету зэфIагъэкIауэ щытащ лэжьыгъэхэр.

Апхуэдэ ухуэныгъэ лэжьыгъэшхуэхэм къадэкIуэу Къардэным и нэIэм щIэтт университетым и мылъку лъабжьэр нэхъри егъэфIэкIуэным, гъэбыдэным епха Iуэхухэри. Абыхэм гулъытэшхуэ яхуищIырт лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ гумызагъэм. А лъэхъэнэм, къапщтэмэ, университетым зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэригъэпэщауэ щытащ биологие, химие, физикэ, медицинэ лабораторэщIэхэр, къэзыбж центрым папщIэ къащэхуауэ щыта IэмэпсымэкIэ къызэрымыкIуэхэр, лъэщхэр, къэзыбж машинэ цIыкIухэри абы хэту. А псоми я фIыгъэкIэ 1978 - 1979 гъэхэм КъБКъУ-р хъуащ мылъку-техникэ лъабжьэфI зиIэ еджапIэ нэхъыфIхэм ящыщ зы, а унэтIыныгъэмкIэ къэралым щекIуэкI зэхьэзэхуэм етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр къыщихьу.

«Сыт хуэдэ ехъулIэныгъэми лъабжьэ быдэ хуэхъур зэщIэкъуауэ, уигури уи щхьэри зыхуэбгъэувыжа къалэным теухуауэ лэжьыгъэр ублэнырщ, ар къызыхуэтыншэу, дагъуэншэу зэфIэкIыным къару псори ехьэлIэнырщ, - жеIэ Къардэн Хьэбил. – Нэхъ цIыху зэчиифIэ дыдэми бгъэдэлъ зэфIэкIыр налмэс мывэ лъапIэ къудейуэ ращ. Ар налкъутналмэс щыхъунур ерыщагъ зыхэлъ гуащIэшхуэ епхьэлIэмэщ». Апхуэдэ щIыкIэм тетущ Хьэбил зи ужь ихьэ дэтхэнэ Iуэхури зэрызэфIигъэкIыр. Абы гулъытэ зыхуищIхэм я нэхъыщхьэт зыдэлэжьа цIыхухэр, иригъэджа студентхэр. «ГъащIэм, жылагъуэм зыужьыныгъэ ягъуэтынукъым, япэ итахэм зыIэрагъэхьауэ щыта ехъулIэныгъэхэм къытщIэхъуэ щIэблэм хамыгъахъуэмэ, еджакIуэр егъэджакIуэм япэ имыщыжмэ», - жиIэрейщ нэхъыжьыфIым. Езы Къардэнри дапщэщи хущIэкъуащ бгъэдэлъ щIэныгъэмрэ Iэзагъымрэ зэрыхигъэхъуэным. Абы мызэ-мытIэу къиухащ и IэщIагъэмкIэ МКъУ-м къыщызэрагъэпэщ курс зэмылIэужьыгъуэхэр, и щIэныгъэми хигъэхъуащ, КъБКъУ-м и экономикэ факультетым щеджэу.

А псоми къадэкIуэу щIэныгъэлIым и къалэмыпэм къыпыкIащ студентхэм папщIэ пособиехэр, и къэхутэныгъэхэр лъабжьэ зыхуищIа тхыгъэ купщIафIэхэр куэдрэ къытехуащ ди республикэм, къэралым къыщыдэкI журнал зэмылIэужьыгъуэхэм. Абыхэм я купщIэр, мыхьэнэр нобэ кIуэдыркъым.

1996 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 25-м щIигъукIэ Къардэн Хьэбил щытащ Налшык дэт Сату-технологие лицейм (иджы колледжым) и унафэщIу. Къулыкъум щыпэрыува япэ махуэм къыщыщIэдзауэ унафэщI Iэзэр, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ къызэрымыкIуэр хущIэкъуащ IуэхущIапIэм щызэфIах лэжьыгъэ псори нэхъри зэрыригъэфIэкIуэным, мылъку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным. Гулъытэшхуэ хуищIырт еджапIэм и IэщIагъэлIхэм ябгъэдэлъ Iэзагъым хагъэхъуэным, ар къэзыух щIалэгъуалэм гъащIэм увыпIэ тэмэм щагъуэтыным. ЕгъэджакIуэр, Хьэбил къызэрилъытэмкIэ, и гъэсэнхэм я къэкIуэнур къызэрыщ гъуджэщ, гъащIэм, псэуныгъэм я щапхъэу дапщэщи щытыпхъэ цIыхущ. ЕгъэджакIуэ нэсу, щIалэгъуалэм я унэтIакIуэ, гъэсакIуэ Iэзэу щыту, езы нэхъыжьыфIыр сыт щыгъуи апхуэдэ щапхъэфIщ. ИпэжыпIэкIэ Хьэбил гъуэгугъэлъагъуэ зыхуэхъуар ди лъахэм къихъуа зы щIэблэкъым икIи щIэблитIкъым. Куэд мэхъу а нэхъыжьыфIым и цIэр фIыкIэ зигу къина егъэджакIуэхэр, еджакIуэхэр, абыхэм я адэ-анэхэр.

Лэжьыгъэ купщIафIэ зи щIыбагъ къыдэлъ Къардэн Хьэбил 2021 гъэм IэнатIэм къыпэрыкIри тIысыжащ. ЦIыхубэ хозяйствэм папщIэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырын IэнатIэм хилъхьа гуащIэмрэ бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэмрэ къэрал гулъытэшхуэрэ жылагъуэм и пщIэ инрэ къыпэкIуащ. Абы мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ РСФСР-м, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ я министерствэхэм, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым, КъБР-м и Правительствэм я щIыхь тхылъхэр, КъБР-м и Iэтащхьэм къыбгъэдэкI ФIыщIэ тхылъыр, дамыгъэ лъапIэхэр, къыфIащащ щIыхьыцIэ лъагэхэр. ЦIыхубэм я дзыхь кърагъэзу, Къардэн Хьэбил зыбжанэрэ хахащ Налшык къалэ советым и депутату. А дамыгъэ лъапIэхэр, жылагъуэ щIыхьымрэ пщIэмрэ хуэфащэ дыдэщ нэхъыжьыфIым. Ахэр абы къилэжьащ пэжу, жэуаплыныгъэ зыхищIэу и къалэнхэр дапщэщи къызыхуэтыншэу зэризэфIихамкIэ.

Хэкупсэ нэсу зи дунейр езыхьэкI Хьэбил ди лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэмрэ IуэрыIуатэмрэ фIыуэ хэзыщIыкI хэкулIщ. А унэтIыныгъэмкIи щIэныгъэ хьэлэмэт зэрыбгъэдэлъым папщIэ, абы малъхъэдисым хуэдэу зэрешалIэ лъэпкъ Iуэхур зыфIэхьэлэмэт, абы дихьэх цIыхухэр. АбыкIэ Къардэныр ирагъэщхь зи лъахэр фIыуэ зылъагъуу, абы и къекIуэкIыкIам щыгъуазэу щыта и адэ-анэм (я ахърэтыр нэху ухъу).

А нэхъыжьыфIхэм я щапхъэм тетщ Хьэбил дапщэщи къыкъуэт и унагъуэ дахэр. Абы и щхьэгъусэ Раисэ дзэ дохутырщ, илъэс 45-кIэ IэнатIэм пэрытащ. Зэщхьэгъусэхэм хъыджэбзищ къащIэхъуащ, лъэпкъ хабзэм тету ягъэсащ, щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ ирагъэгъуэтащ, гъащIэм лъэ быдэкIэ хагъэуващ. Быным я нэхъыжь Мадинэ КъБКъУ-м щрегъаджэ, ар медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидатщ, курыт Маринэ и анэм и лъэужьым ирокIуэ, ар дзэ дохутырщ. НэхъыщIэ Каринэ юрист IэщIагъэм хуеджащ. Нэхъыжьхэр ирогушхуэ, ирогуфIэ я бынхэм, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэм гъащIэм щызыIэрагъэхьэ я ехъулIэныгъэфIхэм, текIуэныгъэхэм. НэхъыщIэхэми ДыкъэзыгъэщIам фIыщIэ ин хуащI, апхуэдэ адэ-анэфIкIэ, адэшхуэ-анэшхуэкIэ Ар къаззрыхуэупсам папщIэ.

Апхуэдэ гъащIэ купщIафIэ, дахэ езыхьэкI Къардэн Хьэбил Iэюб и къуэм дохъуэхъу и щхьэгъусэмрэ езымрэ зэкIэрымыхуу, я бынхэм, пхъурылъху IэфIхэм я насып хэплъэу, и пщIэ лъагэм, цIыхугъэ инымрэ нэмысышхуэмрэ къакIэрымыхуу гъащIэшхуэ къигъэщIэну, узыншагъэ быдэ иIэну.

УэркIэ лъэпкъыр мэгушхуэ, Хьэбил!»

Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛАСЭ Маритэщ.



● Егъэджэныгъэ

Дахагъэр къагъэщIэрэщIэж

Хэт зыфIэмыфIыр дахагъэр? Адыгэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ ХьэкIуащэ Андрей ар псым иригъэщхьырт. «Дахагъэр псым хуэдэщ, псэхэлъхьэжщ. ЦIыхур и лъэ тетыху абыкIэ гъащIэр щыз ищIыну и къалэнщ. Дунейм къытехьэ сабийм иращIэкI дауэдапщэхэм фыхэплъэт... ЦIыхугъэмрэ дахагъэмрэ уакъыхуримыджэу зы яхэткъым. АтIэ езы Адыгэ Хабзэ дыдэр джакIуэ зыхуэхъу дахагъэр дауэ ди гъащIэм етIуанэ е ещанэ Iуэхуу зэрыхэдгъэтынур, ар щыдмылъагъу щIыпIэм ди нэм зыщимыгъэпсэхумэ, ди псэр щымытыншмэ. Хьэкъыу си фIэщ мэхъу «адыгэ» псалъэм «цIыху дахэу дунейм тет» жыхуиIэ мыхьэнэр зэрыхэлъыр», – жиIэрт ХьэкIуащэм. Къызэрипсэлъам ещхь дыдэу зэкIэлъыдмыгъэкIуэжами, дерс къэс къыхилъхьэ IуэхугъуэщIэм и щIэщыгъуэр дахагъэм ирипхырт, дыгъуасэрей махуэхэм я жьауэ нобэрейм тримыдзэмэ, ди къэкIуэну гъащIэр зэрымыпщIэгъуалэр къригъэкIыу. ЩIэныгъэлIым и гупсысэхэм пэджэж хуэдэщ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щекIуэкIа Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэныр.

«Тхыдэм утеIэбэкIэрэ» («Прикасаясь к истории») – аращ зэреджэр ди щIыналъэм ит еджапIэ нэхъыщхьэм къыщыхалъхьа щIэныгъэ-егъэджэныгъэ пэхуэщIэ хьэлэмэтым. Абы и пщэрылъщ кхъахэ хъуа, кIуэдыжынкIэ шынагъуэ зиIэ, зи фэр текIа, зи плъыфэр щIэкIа гъуазджэ къэгъэщIыгъэхэр зэрызэфIагъэувэжым епха щэхухэр еджакIуэхэм, магистрантхэм, аспирантхэм ябгъэдилъхьэныр. Илъэс зыбжанэ хъуауэ КъБКъУ-р хъарзынэу ядолажьэ блэкIа лIэщIыгъуэхэм къагъэщIа хъугъуэфIыгъуэхэр зэфIэгъэувэжынымкIэ щIалэгъуалэм щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ езыт IуэхущIапIэхэм, центрхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм. Мызыгъуэгум КъБКъУ-м и гъэсэнхэр дэлэжьащ Щэнхабзэ икIи гъуазджэ хъугъуэфIыгъуэхэр зэгъэпэщыжынымкIэ «РЕ-Старт» центрым.

КъБКъУ-м дизайнымкIэ и колледжым щеджэ ныбжьыщIэхэр зыхэтыну пэхуэщIэр IыхьитIу зэхэтщ. Зыр лапхъэкIэ щIа сурэтхэм епхащ, адрейр пхъэм къыхэщIыкIа гъуазджэ Iэпэщысэхэм пыщIащ. Мэзкуу къалэм дэт Къэрал тхыдэ музейм и сурэтыщIзэгъэпэщыжакIуэ Владимировэ Иринэ и нэIэм щIэту щIалэгъуалэм гуимыхуж лэжьыгъэ драгъэкIуэкIащ Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм и гъэтIылъыгъэхэм ящыщ «Шууей» сурэтым.

«Псом япэрауэ, ди пащхьэ илъ сурэтыр дэфтэру къызыщыдгъэхъун хуейщ. ИпэжыпIэкIэ, аращ зэрыщытри, сыту жыпIэмэ, тхыгъэ хэха хузэгъэпэщауэ сурэтым теухуа нэгъуэщI дэфтэр щымыIэмэ, абы къытхуегъэIуэтэну псори апхуэдэущ къызэрытщыхъупхъэр. Сэ си пщэрылъщ, псалъэм и хьэтыркIэ, сурэтым и пкъыгъуэхэр зэрыщыту зэпкърыплъыхьын, дэтхэнэми тетхыхьын зэрыхуейр си гъэсэнхэм ягурызгъэIуэну. Апхуэдэу абыхэм гу лъатэн хуейщ сурэтыр зытещIыхьа чэтэным, ар зэрытха лапхъэм я щытыкIэм, ар щахъума щIыпIэм, зэрахъума щIыкIэм. А псом, зэрыгурыIуэгъуэщи, шыIэныгъэ хуейщ, сакъыныгъи хуэныкъуэщ. Нэхъыщхьэ дыдэу сурэтыр зэгъэпэщыжыным хэлъыр лапхъэр зэрыгъэубыдыжынырщ, ар чэтэным къыкIэрымыщэщыжу егъэщIылIэжынырщ. Абы теухуауэ екIуэкI апхуэдэ Iуэхур нэхъ кIыхьу пшэщIыху нэхъыфIщ», – жиIащ Владимировэ Иринэ.

Сурэтым хэлъ тхыпхъэхэмрэ лапхъэхэмкIэ къызэрагъэпэща дерс щхьэхуэхэм къыщинэмыщIауэ, абы хэлъ пхъэ пкъыгъуэхэр зэгъэпэщыжынми мыхьэнэшхуэ иIэщ. Апхуэдэу Бытырбыху къалэм дэт, Сурэт зэгъэпэщыжынымрэ дизайнымкIэ академием и доцент Журбенкэ Юрэ иригъэкIуэкIащ сурэтыпкъым хэлъ пхъэм и зэгъэпэщыжыкIэм ехьэлIа дерс. «Сурэтыр и пхъэпкъыр зэфIэгъэувэжыныр къызэрымыкIуэу лэжьыгъэ хьэлъэщ. ЗыхэпщIыкIын хуейр сурэтым и тхыдэм и закъуэкъым, атIэ зи ужь уит пхъэр къызыхэхам къыщегъэжьауэ зэрызэпкъралъхьам щыщIэкIыжу екIуэкIа лэжьыгъэмкIи щIэныгъэ ббгъэдэлъыпхъэщ. Илъэсищэ бжыгъэхэр и ныбжьмэ, пхъэр мэщ. Ар къэгъэнауэ, цIэ хещIэ, хэкIуэдыкIа пкъыгъуэ щхьэхуэхэр хешхыкI. ЗэрыхэIэбэр мащIэу, ауэ хилъхьэ зэзыгъэпэщ лэжьыгъэр гуащIэу пхъэпкъыр зэфIэзыгъэувэжым сурэтым и гъащIэр кIыхь зэрищIым шэч хэлъкъым. «Сурэтыр зэрыщыта дыдэм хуэдэу» щIыжытIэри а дызэрыхэIэбэр зэрымащIэращ. Дапхуэдэу зэрызэдгъэпэщыжыр? Пхъэ щам ущеплъкIэ, гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым псыбыб фIэкIа умыщIэну гъуанэпщIанэ цIыкIухэр зэраIэм. Ахэр пхъэцIэм кърищхыкIауэ аращи, зимыубгъун папщIэ, пхъэпкъыр къызыхаха жыг лIэужьыгъуэ дыдэм и пхъафэр бохьэж, шхэпскIэ зэIыбохри, абы ибоцIэлъ – абы, япэрауэ, цIэр еукI, етIуанэрауэ, пхъэм хущхъуэгъуэ хуохъу, фIэкIуэда Iыхьэхэр зэригъэпэщыжу. Абы иужькIэ пхъэм фэ зимыIэ лапхъэ щыбохуэ. Сурэтыр къызэрыщIыхьа пхъэпкъым и щытыкIэ нэсыр зэфIэбгъэувэжащ, а псор нэсу къохъулIамэ», – жиIащ Журбенкэ Юрэ.

ЩIалэгъуалэм гунэс ящыхъуащ егъэджакIуэхэм я щIэныгъэр къызэрыбгъэдалъхьэ щIыкIэм. «IэщIагъэрылажьэм, Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкIым удэлэжьэныр псэгъэтынш къудейкъым, атIэ уи къэухьым зезыгъэубгъу фIыгъуэшхуэщ. Дэ къыддэлэжьа ди егъэджакIуэхэм я гъащIэр зэрыщыту гъуазджэ къэгъэщIыгъэхэр зэгъэпэщыжыным иратащ, абы и щэхухэр къахутащ. Лъэбакъуэ къэс блэжьыпхъэхэмрэ а лъэбакъуэ чыгъуэхэм щхьэхуэу щIапхъэхэмрэ зэхэхауэ къыщыбгурагъаIуэм деж, пхузэмыгъэпэщыжын щымыIэу къыпщохъу. Пэжщ, гукъыдэжыр мащIэщ мы лэжьыгъэмкIэ. ШыIэныгъэ пхэлъын хуейщ. Илъэсищэхэр зи ныбжь гъуазджэ къэгъэщIыгъэм игъуэта сэкъатхэр къэпхутэныр, ахэр и пIэ ибгъэувэжыныр лэжьыгъэ абрагъуэщ. Абы щIэныгъэм къыдэкIуэу, сакъыныгъи хэлъын хуейщ. Зы сурэткIэ дзыхь къыпхуащIа нэужь, гурэ псэкIэ къыхэпха лэжьыгъэм зы лъагъуэ утрешэри, уи гуращэхэр къохъулIауэ къэплъытэ хъунущ. «Шууей» зи фIэщыгъэ сурэтыр щызэдгъэпэщыжым апхуэдэ дзыхьым мыхьэнэуэ иIэр гуащIэу зыхэтщIащ», – жаIэ Владимировэ Иринэрэ Журбенкэ Юрэрэ я гъэсэнхэм.

Тхьэмахуэ лэжьыгъэт къытIасэр пэхуэщIэми, ар хъарзынэу кърахьэлIащ КъБКъУ-м и еджакIуэхэм. Иджы абыхэм зыIэрагъэхьа есэныгъэхэмрэ зрагъэгъуэта щIэныгъэмрэ дяпэкIэ я лэжьыгъэм щагъэнэIуэн хуейуэ къапэщылъщ. Дахагъэр къэзыгъэщIэрэщIэж, псэщIэ яIузылъхьэж IэщIагъэм и лъэныкъуэ хъуахэм дащогуфIыкI, я гуращэхэр къайхъулIэнуи ди гуапэщ.

ШУРДЫМ Динэ.

ФIагъымрэ къэуатымрэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Шэджэм щIыналъэм щыIэ, бэдрэжаныр къыщагъэхъу «Шэджэм Агро» хуабэщым ди республикэм щыяпэу «Удзыфэ продукцэ» сертификатыр къыхуагъэфэщащ, къитащ иджыблагъэ «Роскачество»-м и пресс-IуэхущIапIэм. Ар къезытар «Роскачество-Органик» IуэхущIапIэращ: продукцэхэм яIэ фIагъыр зыхуэдэр къэзыпщытэу къэралым нобэкIэ щылажьэр а зыращ.

СЕРТИФИКАТЫР щыхьэт тохъуэ IуэхущIапIэхэм я продукцэхэм яIэн хуей фIагъым ехьэлIауэ къэралым щыщыIэ мардэхэм зэрыхуэкIуэм икIи IыхьитIу гуэшауэ щыта къэпщытэныгъэхэм зэрыпхыкIам. Абы иужькIэ, «Шэджэм Агро»-р хуитщ «Зеленый эталон» къэрал дамыгъэр и продукцэхэм тригъэувэну. Ар зытетхэм къагъэлъагъуэ абыхэм къыщIагъэкIахэм химие пкъыгъуэхэр, IэрыщI, синтетикэ щIыгъэпшэрхэр, хущхъуэхэр, н.къ. зэрыхэмылъыр.

«Роскачество»-м и деж щылажьэ техникэ комитетым лъэпкъ мардэу 7 зэхигъэуващ «Удзыфэ продукцэ» сертификатхэр зратынухэм ехьэлIауэ, нобэкIи, ар зиIэхэр къэралым зэрыщыхъур IуэхущIапIэ 65-рэщ.

«Шэджэм Агро» хуабэщым сертификатыр езытар «Роскачество»-м и унафэщIым и къуэдзэ Саратцевэ Еленэщ, Минводы щекIуэкIа Кавказ инвестицэ зэхуэсышхуэм щыIэу.

ТАМ Заур.

Iуащхьэмахуэ и хьэщIэщ лъагэр

«Кавказ.РФ»-м и унафэщI Юмшанов Андрейрэ «Строй Газ Инвест» компанием и тхьэмадэ Абдуллаев Мустэфарэ Ставрополь щIыналъэм щыIэу зэгурыIуэныгъэ зращIылIащ Iуащхьэмахуэ джабэм кIэрыта «Приют 11» альпинист хьэщIэщыр къызэгъэпэщыжыным ехьэлIауэ.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, «Приют 11» хьэщIэщыр 1939 гъэм яухуауэ щытащ, альпинистхэм я къэувыIэпIэу абдежым щаIа пхъэ унэжь цIыкIум и пIэкIэ, метр 4050-рэ хуэдизкIэ Iуащхьэмахуэ и джабэ нэкIум удэкIуеймэ. 1998 гъэм мафIэсым ар ихьащ и лъабжьэм фIэкIа къэмынэу. Иджы мурад щыIэщ хьэщIэщыр щIэуэ яухуэжыну, япэм иIа теплъэр иратыжу, и пэш кIуэцIхэр иджырей мардэм тету къращIыкIыну.

Юмшанов Андрей журналистхэм зэрыжриIамкIэ, «Приют 11»-м пэш 19 хэтынущ, гъуэлъыпIи 2-6 щIэтхэу икIи псори зэхэту абы туристи 100-м нэблагъэ зэуэ щIэхуэнущ. Апхуэдэуи хьэщIэщым иIэнущ абы кIэлъыплъ, ар зезыхьэхэр зыщIэсын пэшхэр, душевойхэр, техникэхэр, Iэмэпсымэхэр, н.къ. зыщIэтын, щагъэтIылъ хъуну щIыпIэхэр.

Къатитхуу зэтетыну унэм и лъабжьэм щIэсынущ УФ-м и МЧС-м и къегъэлакIуэ гупыр, Iуащхьэмахуэ и джабэ нэкIухэм шынагъуэ гуэрхэр къыщыхъу хъумэ, нэхъ псынщIэу нэсыфын хуэдэу. Балыхь хэхуэ хабзэ альпинистхэм я дежкIэ ар мыхьэнэшхуэ зиIэ хэкIыпIэщ.

«Пшэ гуэрэнхэм къахэплъ «Приют 11» хьэщIэщыр илъэси 100-м щIигъукIэ щытащ, Хэку зауэшхуэри, зэрыжаIэу, и нэгум щIэкIащ, ауэ ди жагъуэ зэрыхъущи, лIэщIыгъуэ блэкIам ар тфIэкIуэдащ. Иджы, ди институтыр, Кавказ.РФ-р, яужь ихьащ ар къэгъэщIэрэщIажауэ лажьэу ирагъэжьэжа зэрыхъуным. Абы пэрыхьэну ухуакIуэхэм зэгурыIуэныгъэр етщIылIащ икIи догугъэ хьэщIэщым и бжэхэр 2027 гъэм къызэIуихыжыну», - жиIащ Юмшановым.

ХэзыщIыкIхэм къызэралъытэмкIэ, Iуащхьэмахуэ метр 4100-кIэ ищхьэкIэ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр щебгъэкIуэкIыну гугъу дыдэщ,

зэрыщIыIэм къыхэкIыу. ЛэжьакIуэхэр нэхъыбэу абы щыкIэрытынур мэкъуауэгъуэ-бадзэуэгъуэ мазэхэрщ, шыщхьэуIум и махуэ гуэрхэри хиубыдэу. А зэманхэращ джабэ нэкIум укIэрыту ущылэжьэфынур. ХьэщIэщым пкъралхьэну пкъыгъуэхэр ратрак хьэлъэзешэхэмкIэ драшеинущ, бетоныр абдежым щызэхащIэнущ. Япэ илъэсым лъабжьэр ягъэбыдэн, фундаментыр ягъэтIысын, блынджэбзэхэр яIэтын мурадхэр щыIэщ, къыкIэлъыкIуэ илъэсым пэш кIуэцIхэр тыншу къращIыкIыфын хуэдэу.

Апхуэдиз лъагагъ зиIэ джабэ нэкIум кислородыр зэрыщымащIэм къыхэкIыу, лэжьакIуэхэр зэкIэлъыпыту сыхьэтIиплI нэхъыбэ лажьэу хуадэнукъым. Абыхэм я узыншагъэм щIэмычэу кIэлъыплъын, къэзыпщытэн дохутырхэр пэгъунэгъуу щыIэнущ.

«ЩIэныгъэлIхэм къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкIын пэшхэри яхуэхтынущ. Дэ дыхущIокъу щIэныгъэр Iуащхьэмахуэ «къетшэлIэжыну». Псом япэрауэ хуэныкъуэщ мылылъэ къурш уардэхэм якIэлъыплъын еджагъэлIхэм. Апхуэдэуи абдежым щагъэувынущ дунейм и щытыкIэнур къэзыхутэ иджырей метеостанци. Мыр пэхуэщIэ гугъу дыдэщ икIи телъыджэщ, ипэкIэ мыбы хуэдэ зыми иухуакъым», - къыхигъэщащ Кавказ.РФ-м и унафэщIым.

Европэм и уэсылъэ къурш нэхъ лъагэ дыдэм и щыгум щхьэщыхьэн мурадкIэ илъэс къэс ди щIыналъэм цIыху мин 20-м нэблагъэ къокIуэ. Iуащхьэмахуэ дэкIын щыщIэдзэн хуейр жэщыкурщ, метр мини 4-м деж щежьауэ дунейр къызэIымыхьэ щIыкIэ метр 5642-м унэсын папщIэ, жаIэ экспертхэм. Аращ Iуащхьэмахуэ и джабэ нэкIум хьэщIэщхэм ущIыхуейр. Иджыпсту а щIыпIэм зыбжанэ щолажьэ, зы жэщ гъуэлъыпщIэм я уасэхэмкIэ зэщхьэщыкIыу.

2024 гъэм и жэпуэгъуэм УФ-м и Главгосэкспертизэм и IэщIагъэлIхэм «Приют 11»-м и пэхуэщIэр къыдаIыгъащ. Ар, зэрыжытIащи, къатитхуу зэтетынущ, тIур щIы щIагъым щIэту. Абы къыдэкIуэу, экологие и лъэныкъуэкIэ хьэщIэщым къыбгъэдэкIыну шынагъуэхэм ехьэлIауэ 2023 гъэм щыIа жылагъуэ едэIуэныгъэхэми, проектыр щыпхыкIащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Сабийхэми балигъхэми зи къалэмыр яхуэзыгъабзэ

Хьэту Пётр и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу

ТХАКIУЭ, усакIуэ, УФ-м и Журналистхэми ТхакIуэхэми я зэгухьэныгъэхэм хэт, «Илъэсым и журналист нэхъыфI» (1993 гъэ) саугъэтым и лауреат Хьэту Пётр Мацулэ и къуэр Шэджэм районым хыхьэ Нартан къуажэм 1950 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым, Налшык дэт щэнхабзэ-узэщIыныгъэ училищэм и режиссёр факультетыр 1974 гъэм къиухащ. Краснодар Щэнхабзэмк Iэ и институтым илъэсищкIэ щеджащ. 1991 - 1996 гъэхэм Дон Iус Ростов Кавказ Ищхъэрэм къэрал Iуэху зехьэныкIэ щыIэ академием пресс-менеджер, правовед IэщIагъэхэр щызригъэгъуэтащ. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёру, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым режиссёрым и къуэдзэу илъэс зырызкIэ лэжьащ. Пасэу, иджыри курыт еджапIэм щыщIэсам театрым ар дихьэхат. Аращ къалэм театр студие къыщыщызэIуахым, 10-нэ классым здыщIэсым и зэфIэкI щеплъыжыну мурад щищIари. ЦIыху 500 зы пIэм ита зэпеуэм щытекIуахэм ящыщт Хьэтур. 1976 гъэм щыщIэдзауэ 1990 гъэ пщIондэ клуб лэжьыгъэ IэнатIэ зыбжанэм къызэгъэпэщащ, щэнхабзэхэмкIэ унэхэм я унафэщI къалэнхэр щигъэзэщIащ, республикэм и щэнхабзэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфIхэр хуищIу. Къэбгъэлъагъуэмэ, илъэс 17-кIэ щэнхабзэ IэнатIэм хуэлэжьащ. 1990 - 1997 гъэхэм «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспонденту, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм прозэмрэ поэзиемкIэ и къудамэм и редактору щытащ. «Нур» журналым жэуап зыхь и секретарыу, и редакторуи лэжьащ. Мы зэманым «Литературная Кабардино-Балкария» журналым жэуап зыхь и секретарщ. КъищынэмыщIауэ, республикэм и тхакIуэхэм, усакIуэхэм я тхыгъэхэр къыщыдагъэкIкIэ холэжьыхь. И редактор лэжьыгъэу дунейм къытехьащ КIыщокъуэ Алим, Нало Заур, Балъкъэр Фоусэт, АфIэунэ Лиуан, IутIыж Борис, МафIэдз Сэрэбий, Уэрэзей Афлик, КIэщт Мухьэз, КъардэнМурат, Бозис, Елгъэр Кашиф, Ацкъан Руслан, нэгъуэщI куэдми я тхылъ къыдэкIыгъуэхэр.

Адыгэбзэм и IэфIагъыр зэрызыхищIари, усэным гу зэрыхуищIари угъэщIагъуэу, Хьэту Пётр и сабиигъуэ къызэрекIуэкIам щыгъуазэ зыщыпщIкIэ. Сабийм япэу къищтэр и унагъуэм зэрыщыпсалъэ бзэр щыаракIэ, Сабыр щыналъэм къыщыпщIидза, зи анэр урыс щIалэ цIыкIум япэу абы и бзэр зэрищIэнуми шэч хэлътэкъым. Зэзэмызэ фIэкIа адыгэбзэр зэхэзымых (и адэ Мэцулэ фIамыщI къыщIэзых Iуэхущlапlэм щылажьэрти, унэм къыщыкIуэжыр гуваут) щIалэ цIыкIум и лъэпкъым и бзэр сытkIэ ищIэнт?!

Бзэхэм хуэгурыхуэу жыпIэ хъунущ Хьэтур. И унагъуэр Къэзахъстаным Iэпкъуэн хуей хъури, илъэситI-щыкIэ щыпсэуати, зыхэт и ныбжьэгъуцIэхэм я бзэми уэрсэрыжьу ирипсалъэ хъуат. Ауэ адыгэбзэр фIэкIуэдыну къыхуриуха къыщIэкIынтэкъыми, 1959 гъэм щIалэ гурыхуэ цIыкIур и ныбжьэр илъэсищIым иту Нартан къэшэжри, къуажэ курытым щIагъэтIысхьащ. И адэшхуэанэшхуэм, и адэ къуэшхэм, егъэджакIуэхэм ялъэкI къагъэнакъым Пётр адыгэбзэр иджыныкIэ икIи зы мазэм къриубыдэу зригъэщIащ.

Школым щыщIэса зэманым щыщIэдзауэ бзитIымкIэ - адыгэбзэкIи урысыбзэкIи - усэхэр, рассказхэр, очеркхэр етх. И тхыгъэхэр газетхэмрэ журналхэмрэ («Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм, «Адыгэ псалъэ» газетым) щIэх-щIэхыурэ къытохуэ, радиомрэ телевидэнэмкIэ къат. И Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэм ящыщ курыт еджапIэхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ я программэм хыхьэу иратхэ. КъищынэмыщIауэ, Налшык, Москва, Санкт-Петербург, нэгъуэщI щыпIэхэм къыщыдэкI журналхэми традзэ. Апхуэдэхэщ щIэупщIэ зиIэ, сабийхэм яхуэгъэза «Тхьэгъэлэдж» (1993 гъэ), «Гугъэм и къухьэхэр» (1995 гъэ), «Жьырытэдж» (1998 гъэ), «ПщIыхь плъыфэхэр» (2000 гъэ), «Бжьыхьэ удж» (2005 гъэ), «ПщIащэпыху» (2010 гъэ), «Псэгъэхъабзэ» (2003), «Заурбэн и дыщэ фальэр» тхылъыр (2016 гъэ).

Тхаклуэм журналистикэмрэ литературэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэфIхэр къалъытэри, абы къыхуагъэфэщащ «Илъэсым и журналист нэхъыфI» саугъэтыр (1993 гъэ), «Сабий тхылъым и тхьэмахуэ» Iуэхум хыхьэу, «ЖьырытэдЖ» усэ тхылъым папщIэ «Илъэсым и сабий усакIуэ нэхъыфI» саугъэтыр (2002 гъэ). И къалэмыр хуегъабзэ цIыху гъащIэм хэлъ псэ къабзагъэмрэ дахагъэмрэ къэгъэлъэгъуэным. Илъэс зыбжанэкIэ зэхуихьэсыжа «Таурыхъхэмрэ хъыбархэмрэ» тхылъыр сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ зыхуэныкъуэщ икIи абы ихуа тхыгъэхэм щIэупщIэ яIэщ. КъищынэмыщIауэ, Пётр и Iэдакъэ къыщIэкIа усэ зыбжанэ хагъэхьащ усакIуэ зыбжанэм ятхам щыщ щызэхуахьэса тхылъхэм. И усэхэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIащ Куллэ Виктор, Латынин Валерэ, Ярополъский Георгий, нэгъуэщIхэми.

Анэдэлъхубзэр, лъэпкъыр, Хэкур сабийхэм фIыуэ егъэлъагъуныкIэ, гъэса хъуныкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ сабий лъэпкъ литературэм Пётр хэлъхьэныгъэфI хуищIащ, нобэ хуэщI. КъищынэмыщIауэ, Хьэтум и усэ-къебжэкIхэр, усэ-къуажэхьхэр гъэщIэгъуэнщ. Псалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэхэр, къуажэхьхэр, гушыIэхэр, ауаныхэр, щIагъыбзэхэр, нэгъуэщI-къинэмыщIхэр къыщигъэсэбэпа усэхэри и мащIэкъым.

Унагъуэкlи зэгуэпэщщ Хьэтур. И бынитIыр (Къэзбэрэ Радмилэрэ) щIэныгъэ нэхъыщхьэхэр зрагъэгъуэтащ, мылэжьэхэр, унагъуэщ, езырщи - дадэщ. Хэти зытригъэгуэнтэкъым апхуэдэ дадэ: и шахмат клуэкIэр Iэзэрэ и бокс IэштIыхымыжыр - хьэлъэу! Хьэтум и щхьэгъусэ Светланэ щэнхабзэ лэжьакIуэщ - ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэ Республикэ сабий библиотекэм и унафэщIщ.

Адыгэбзэр и псэм зэрыхэлъым и щыхьэтщ Пётр зыпэрыта IэнатIэхэр, илъэсибкIэ адыгэ газетым корреспонденту зэрыщылэжьар. Газетым IукIыжа нэужьи, адыгэбзэм пэщIэ зиущахьэм - ар «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм прозэмрэ усыгъэмкIэ и кудамэм и редактору лэжьащ.

- Курыт еджапIэм дыщыщIэсым, Щоджэнцlыкlу Iэдэм ди хьэщIат. Ар щIэупщIащ усэ зытх къытхэтмэ. Сэ зэрыстхыр къыщищIэм, езгъэлъагъуну жиIэри, урысыбзэкIэ стха усэхэм еджащ. АдыгэбзэкIэ сытхэну чэнджэщ къыщызитым, зы илъэскIэ абы сегугъуащ. АдыгэбзэкIэ сыщытхэкIэ - адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ сыщытхэкIэ - урысыбзэкIэ согупсысэ. Иужьк Iэ абыхэм щеэгэплъыжым, сабий усэхэр нэхь къызэхуилъу, абы нэхь тегъэщIэну хьэщIа жиIащ, - игу къегъэкIыж Хьэтум. - Абдеж щыщIэдзауэ, балигъ усэхэм къадэкIуэу сабий усэхэм, си нэгу щIэкIа гукъэкIыжхэм гулъытэ нэхъыбэ яхуэсщI хуэщ. ЦIыкIухэм уахуэтхэн папщIэ я гупсысэкIэм фIыуэ ущыгъуэзу, ахэр псалъэкIэ къыдэплъхьэфу щытын хуейщ. Сабийхэр къызэрыщIэ, сабий гъэсэпIэм щыкIуэ пlалъэм щыщIэдзауэ, лъэпкъ Iуэрыуатэм щIэпIыкIын, литературэм дегъэхьэн хуейщ, ар псом хуэмыдэу анэдэлъхубзэм хуэшэрыуэ, Iущу къэхъун папщIэ.

Хьэту Пётр и усэхэр

Зэрыджэр мэлыд

Сылхуэзэм, уи Iэр субыдынщ
сиIам уэрэду,
Си гукъэкIыжхэр къэлыдынщ,
зэрыджэм хуэдэу...
Иджыри си псэм уэ ухэлъщ
нэхунэ хуабэу,
иджыри тIуахьым си гухэлъ,
пхуэсщIар нэхъапэм;
бжезмыгъафэхэр бжесIэжынщ,
сызэлымыкъу, -
си псалъэ щIыхуэр уэстыжынщ,
зыщIыкIу къэмынэу:
ди къуалэбзур кIэлъыпхъэращ
кIуэсэ гъэмахуэм,
сэ езы дыдэри аращ -
сIэщIокI си махуэр.
Мы бжьыхьэ уэфI къыпхуэмызар
къыпфIощI зэщыджэу...
Сэ дэнкIэ нэр сымыгъэзам -
мэлыд зэрыджэр.

* * *

Хьэщыбанэу жыг зыбжанэ
зыкъизыхьу бжьэпэм тетым,
си гур, си лъэр ягъэжану,
хьэщыкъ сащI, сралумэту.
Ауэ, пэжщ, сигу къагъэкIыжхэр
нэщхъеягъуэрэ дыджыгъэщ -
улэгъэжьу стелъ мыкIыжхэрщ -
къыпэкIуарщ си лъагъуныгъэм...
Дауэ мыхъуми, къысщохъужыр
сэ си губжь абы ягъэлу,
гу пхъашагъэр ягъэхъужу,
сэ езыр сыкъарагъэлу...

Псэр кIуэдакъым

Бжьыхьэр лъахэм къихьащ,
зэрыджейр игъэджэгуу,
си дунеи-си блэкIар
щигъэкIыжу си нэгум.
Уафэр плъыфэу иIащ,
пшэхэр хэсхьэу къыпфIэщIу, -
пэжу, сэри сиIащ
гъащIэм сигу хэзыгъэщIи,
ауэ псэр мыкIуэда,
Iиблис IуIэху сыдиххьэху, -
ныбжьэгъу пэж си къэдащ,
Iей кьеблар ягъэмэхыу...

* * *

Уафэ къащхъуэм зыщегъафIэ дыгъэм,
бжьыхьэ уэфIыр си бгъэ-си псэм щыэщ.
Уэ уи пыгъуфIыкIым - уи удыгъэм -
сигъэIэсэу, жызегъэIэ: дыэщ.
Мынаспу жыIэ ар, упыхьэу, -
гур иригъуми, ар ди гъэмыхыгъэщ...
А насыпыр къыбдэкIуащи, бжьыхьэ,
тхъумэжыну тIэкIу къыдэIэпыкъу.

Гупсысэ щэху

Зи теплъэр гуакIуэу Бжьыхьэ гъуатIэ,
балигъым и гупсысэ щэху,
уэ сыпхэкъыныр сэ си натIэщ,
борэныр бжэм къытеуIуэху.

Ауэ ар жыжьэу хы гъуэз къащхъуэщ...
Уэ зэкIэ сыткIи уззкIуэщ, -
бгъэзащIэу и унафэр Уашхъуэ,
уи пIалъэ гъэгур къыбокIуэ.
ЩIыуэпсым сытри щIэтщ уи хабзэм:
уэлбанэр, уэфIыр, жьы блэжар,
жыг къэпIейтейхэр, бзу бзэрабззу
хуабапIэ лъыхъуэ ежьэжар...
Сыту сфIэфIыIуэ
гъуэплъ-гъуэжьыгъэм
нэр щIэзухъуэнщIэу сыпхыплъыну,
уи уафэ къащхъуэ-уафэ бзыгъэр
си псэм щызгъафIэу изгъэлъыну...
Сэ сеуэзщI уи жумартыгъэм,
бжэзоIэ: берычэт бесын!
Си дэрэжэгъуэу а уи тыгъэр
зыхэзыщIэнми лъызгъэсын.

ЩIыуэпсым и гъэр

Дыгъэ нэбзийхэм псэр ягъафIэу,
сэ сфIэфIщ псыхъуэжьым сыдэсыну;
сощIэж щIыуэпс сфIэлъагъуэфIым
си махуэри зэригъэсынур...
Къэтхъэнсолыкъым, хьэщибанэм
жьы тIэкIу къыкъуэуэр ходжэгужьыр,
къыпфIэщIу мафIэ зэщIанэрэ
щызэтрисхьэу гъуей къэхъуэр.
Уплъамэ адкIэ - гъуэплъщ мэзщхъэр,
бгъ щхьэхуэм бэийхэр щыхисхьэжу;
гукъани щыкъэрыхьым си гущхъэм,
къысщохъу бий лъэпкъи симыIэжу.
Щыджэгу бдзэжьейр къызолыдыкIыу,
йожхыр псыр, къыздэуэршэру...
Сызэрыпсэум сыщогуфIыкIыр,
щIыуэпсым щытми сырыгъэру.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Iущрэ гурыхуэу, жанрэ зэфIэкI яIэу

Щхьэлыкъуэ къуажэм дэт етIуанэ сабий садым къыщыщIагъэкIащ зи школ кIуэгъуэ хъуа гъэсэнхэр. ЦIыкIухэм папщIэ къызэрагъэпэща махуэшхуэр нэгузыужьу екIуэкIащ. Азбукэр къэзыщтэу курыт еджапIэм и бжэр япэу Iузыхыну цIыкIухэм абы зыкъыщагъэлъэгъуащ Iущрэ гурыхуэу, жанрэ зэфIэкI яIэу. Гухэхъуэт усэхэр, уэрэдхэр, къафэхэр абыхэм ягъэзащIэу уеплъыну. Зэрыджэгу хьэпшыпхэр тхылъ гъэщIэгъуэнхэмкIэ зэрахъуэжынум, я гъэсакIуэхэм я деж лъагъунлъагъу къызэрыкIуэнум, зэщIыгъуу япэ классым кIуэнухэм я ныбжьэгъугъэр нэхъри зэрагъэбыдэнум, адэ-анэхэр ехъуапсэныгъэхэмкIэ зэрагъэгуфIэнум теухуат ахэр. Псом хуэмыдэу цIыкIухэм къахэщащ анэдэлъхубзэкIэ гъэхуауэ усэ къеджакIуэхэр.

ГЪЭСЭН нэхъыжьхэм къыхуэзэрагъэпэща пшыхьым къеблэгъащ къуажэ школ езанэм и унафэщI Куэшмэн Заурбэч, курыт еджапIэ езанэм и унафэщIым и къуэдзэ Амщокъуэ Мариерэ.

Курыт еджапIэм и унафэщIым гуапэу захуигъэзащ сабий садыр къэзыухахэм:

- Сабий садым и бжэр къызэIуфхауэ щыташ псэлъэн щIэвда куэдейрэ фи гупсысэхэр иджыри псалъэкIэ фхузэпымыщу, къыфхэтагъэнщ абы щыгъуэ иджыри тынщу бжьымахэ зымыхьэр. Иджы, мис, ек1уу утыкум фыкъохьэ, гъэхуауэ усэхэм фыкъодж, бжыгъэхэр фоцIыху, фызэрогъэныбжьэгъу, нэмыс фхэлъщ, фи гъэсакIуэхэм пщIэ яхуэвощI. АтIэ ар ехъулIэныгъэкъэ! ФIыхуэхъэзырщ курыт еджапIэми, фынеблагъэ! СынывохъуэхъуфIыуэ фызыщIыну, фыщIэгъуэгъуэн щхьэусыгъуэ куэд фиIэну, адэ-анэхэр зэрифIэ дахэхэмкIэ сыт щыгъуи вгъэгуфIэну! - яжриIащ абы цIыкIухэм. Адэ-анэхэм ехъуэхъуащ я бынхэм гъэсэныгъэ дахэ яхэлъу къэзыгъэтэджа сабий садым и гъэсакIуэхэм, ехъулIэныгъэфIхэр яIэну пщIэ зиIэ лэжьыгъэм.

Абы щхьэхуэу захуигъэзащ сабийхэм чэнджэщIэгъуи, къыщыхьэщыжакIуи, ущиякIуи, анэ етIуани яхуэхъуа гъэсакIуэхэм.

- Сабийм и гъэсэныгъэр, зыхилъхьэ хьэл-щэнхэр, и гупсысэкIэр куэдкIэ елъытащ гъэсакIуэм. ГъэсакIуэ гу щабэ, набдзэгубдзаплъэхэр зиIа мы цIыкIухэр ехъулIащ, - жиIащ Заур, икIи сабийхэр ягъэгъуазэу яхэта Тэтэр Жаннэ, ВарылI ФатIимэ, Шэру Заринэ сымэ щIыхь тхылъхэр яритащ.

- Нобэ махуэ дахэщ. Ауэ тIэкIуи дыгъуу дызэса, сабий сад «унагъуэшхуэм» щыщ хъуа ди сабийхэр гъуэгу фытыдогъэуэ. Дыфхуэзэшынущ, фэр пщIэ ди бжэр зэIухауэ щытынущ - фыкъытхуеблагъэ лъагъунлъагъу! Дэ тфIэфIщ щIэщыгъуэ къэфщIэну фыпIейтейуэ, фи гъэсакIуэхэм пщэрылъ къыфщащIэхэр ффIэгъэщIэгъуэну фызэрыщытар. Ахэр курыт еджапIэм фыщIэтIысхьэми, балигъ фыхъуми - къыфхуэсэбэпыну щэн дахэщ! - жиIащ зи гугъу тщIы сабий садым и унафэщI Иуан Агнессэ.

Амщокъуэ Марие жиIащ сабий садым и гъэсэнхэм утыкум зыкъызэрыщагъэлъэгъуар гурыхь зэрыщыхъуар, гъэсэныгъэ дахэ, хэлъхэ зэрагъэм гу зэрылъитар. Тэтэр Жаннэрэ Шэру Заринэрэ щIэныгъэм и гъуэгум трагъэувэ цIыкIухэм ехъуэхъуащ еджэнкIи, цIыху хъуным кIэкIи, ныбжьэгъу лъытэкIэкIи щапхъэ хъуну, я гум иралъхьэ гурылъ дахэхэр къайхъулIэну. Адэ-анэхэм къабгъэдэкIыу сабий садым и лэжьакIуэхэм фIыщIэ хуащIащ Шэшэн Асиятрэ Аппаевэ Альбинэрэ.

ЦIыкIухэр щIыбым къыщIашири, шар зэмыфэгъухэр уафэм драгъэлътеящ, къэфащ!

НАФIЭДЗ Ислъам.

ДаIыгъынущ къэхутэныгъэ ехьэжьахэр

«Развитие-Пром» фIэщыгъэр зэрихьэу УФ-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэмрэ Инновацэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ фондымрэ зэгъусэу зэхьэзэхуэ къызэрагъэпэщащ хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ пэрытхэм папщIэ. ЩIэныгъэ лъабжьэ зиIэ къэхутэныгъэ куухэр езыгъэкIуэкIхэм абы къащыхуэхьыщ ахъшэ гранту сом мелуан 30-м нэблагъэ.

ТЕХНОЛОГИЕ къэхутэныгъэхэр езыгъэкIуэкI Iуэхущапiэ цIыкIуу зезыгъэкIуэ лэжьэхэм ящыщу зэпеуэм хэтыну хэлъхьэн баллитI лейуэ хущIагъунущ.

УФ-м ПромышленностымрэсатумкIэ и министерствэмрэ Инновацэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ фондымрэ къарахьэжьа зэхьэзэхуэм къалэн нэхъыщхьэр узыншагъэм пщIэ технологиехэм, химиемрэ пкъыгъуэщIэхэм, энергетикэ технологием, ерыскъымкIэ шынагъуэншагъэ щымыгъэIэным, транспорт зэпыщIэныгъэхэр гъэпсынщIэным ехьэлIауэ къэхутэныгъэ куухэр езыгъэкIуэкIхэм мылъкукIэ защIэгъэкъуэныщ.

Зэпеуэм хэтыну жэрдэм зыщIэхэм иджыпсту ягъэхь хъунущ «Развитие-Пром»-м и интернет сайтым дыхьэрэ щIэупсэхэр бадзэуэгъуэм и 7 пщIондэ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

«Рубин» (Ялтэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 3:0 (1:0). Ялтэ. «Авангард» стадион. Накъыгъэм и 31-м. ЦIыху 1450-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Газиев (Кисловодск), Ежак, Козленкэ (тIури Сочэ щыщщ).

«Рубин»: Замерец, Иванов, Санакоев, Марченкэ (Балан, 63), Папазян, Исаев, Каверин (Ромащук, 73), Максимов (Слободчиков, 73), Демченкэ, Наниев, Пурак.

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Чичбэ, Къардэн, КIэдыкIуей, Гъуэгуокъуэ, Блий, Мэшыкъуэ (Болотокъуэ, 68), Хьэшыр, Шэрджэс, Лъуп (Жабоев, 53), Мусаев (Мызэуш, 81).

Топхэр дагъэкIащ: Демченкэ, 25 (1:0). Каверин, 51-пенальтикIэ (2:0). Пурак, 64 (3:0).

Дагъуэ къыхуащIащ: Къардэным, Польшиковым (джэгум хэмытыу), Кавериным, Санакоевым, Ивановым.

Джэгум къыхахуащ: Къардэныр.

Къэмысэбэпа псалъэмакъ

КЪРЫМЫМ ежьэн и пэ къихуэу «Спартак-Налшыкым» и унафэщIхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым топджэгум щыдихьэххэмрэ зэхуэзэри, гупсэху зэпсэлъащ. Зи гугъу ящIар, дауи, гурыIуэгъуэщ - ди командэр зэрыхуа щытыкIэ гугъум къикIын папщIэ ящIэн хуейхэрт. КъалэIэгъуэ лъэпощхьэпо нэхъыщхьэхэм ящыщщ зриIэн мылъку зэрыхуэмыкъуэр, стадионыр зыхуэдэр, ди рыхуегъэзапхъэр, нэгъуэщI куэди. Ахэр гъэзэкIуэжыным зэман куэд ихьынущ. Абы щыгъуэми щIалэхэм джэгукIэ тэмэм, республикэм щыпсэухэр темыкIуэтыжу, къэралпсо утыкум къыщагъэлъэгъуэпхъэщ. ЗэгурыIуащ «Спартак-Налшыкым» хэтхэм я лъэкI къамыгъэнэу я нэхъуэжьыгъуэхэм япэщIэтыну, топджэгум дихьэххэр я къару къызэрихькIэ фIыуэ ялъагъу командэм сыт щыгъуи дэщIыну. Псалъэмакъым къриубыдэу нэхъ ипэм Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ Ялтэ къалэм ди щIалэхэм къащыщыIэ зэIущIэм.

Мазэ хъуауэ зи хэрхуэрэгъухэм топ яхуздзымыгъэкIыфа, нэхъыбэжу зыми темыкIуэфа «Спартак-Налшыкым» зэIущIэр жыджэру иригъэжьащ, къыпэщытыр зэрыгуп лъэрызехьэм къимыгъэдзыху. АрщхьэкIэ мыгувэу ахэр я пIэ иригъэтIысхьэжащ хэгъэрейхэм. ПсынщIэу къигурагъэIуащ хуэфэщэн Iэзагъэр зэфIэкIрэ уимыIэу щхьэрыутIыпщу зипчкIэ фIым узэрыхуэмызэнур. 25-нэ дакъикъэр екIуэкIыу арат «Рубин»-м и япэ топыр «Спартак-Налшыкым» къыщыдыригъэкIар.

Иужькlи Iуэхур яхуэгъэзэкIуэжынут икIи абы папщIэ зэман хьэрзынэ щыIэт. Ди жагъуэ зэрыхъущи, загъэпсэхуу къызэрыкъуэжу налшыкдэсхэм я гъэщхьэхъумэхэм ящыщ Къардэным етIуанэу дагъэ къыхуащIу джэгум зэрыхахуамрэ адэкIэ къыкIэлъыкIуа пенальтимрэ я лъэр щигъэхупащ. Мыгувэу ещанэ топри къыдагъэкIри, бжыгъэшхуэкIэ къыхагъэщIауэ Кърымым къикIыжащ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ къыпащащ мазэм щIигъуауэ я хэрхуэрэгъухэм я гъуэм топ зэрыдамыгъэкIыфымрэ зэIущIэбл хъуауэ зыми затемыкIуэфымрэ. Дауи, турнир таблицэм я Iуэхури щекIакIуэ зэпытщ. Депльшщ ехуэхынигъэр къыщыувыIэну дапщэщми. ЗэкIэ апхуэдэ гугъэ нобэрей «Спартак-Налшыкым» дигъэщIыркъым.

Абы щыгъуэми зэхьэзэхуэм и епщыкIутIанэ джэгугъуэм бжьыпэр зыIыгъ ихъуэжащ. Куэдым хуамыгъэфащэу «Динамо Ставрополым» кIащ ар зэдзэугъэша «Победа»-мрэ «Кубань-Холдинг»-мрэ. Ахэр я стадионым щыIэжу пэлъэщакъым зэфIэкI щIагъуэ къызымыгъэлъагъуэхэм. Уеблэмэ Дагъыстэным и футболистхэр Хасавюрт къащыпикIуэтащ Черкесск икIа «Нартым». Иджы абыхэм япIэкIэ пашэныгъэр зэдаубыдащ «Ростов»-мрэ «Динамо Ставрополь»-мрэ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым вэсэмахуэ щекIуэкIа зэIущIэ псоми къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **«Динамо Ставрополь»** (Ставрополь) - **«Севастополь»** (Севастополь) - **3:0**, **«Астрахань»** (Астрахань) - **«Легион»** (Мэхъэчкъалэ) - **2:1**, **«Ростов-2»** (Дон Iус Ростов) - **«Сочи-2»** (Сочэ) - **1:0**, **«Победа»** (Хасавюрт) - **«Нарт»** (Черкесск) - **0:1**, **«Кубань Холдинг»** (Павловскэ) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **2:2**, **«Динамо-2»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **1:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкIуэкIынущ. МэкъуауэгъуэМ и 7-м абы къригъэблэгъэнущ зэхьэзэхуэм щыпашэхэм ящыщ «Ростов-2»-р.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Ростов-2»**	12	7	3	2	19-10	24
2.	**«Динамо Ставрополь»**	12	7	3	2	20-14	24
3.	**«Кубань Холдинг»**	12	6	5	1	25-12	23
4.	**«Победа»**	12	7	1	4	17-14	22
5.	**«Рубин»**	12	6	2	4	14-12	20
6.	**«Сочи-2»**	12	5	4	3	18-11	19
7.	«Легион»	12	5	3	4	13-13	18
8.	«Севастополь»	12	4	5	3	17-19	17
9.	«Нарт»	12	4	4	4	11-11	16
10.	«Дружба»	12	3	5	4	17-13	14
11.	«Астрахань»	12	3	4	5	19-16	13
12.	**«Спартак-Налшык»**	12	3	0	7	10-19	9
13.	«Ангушт»	12	1	4	7	6-17	7
14.	«Динамо-2»	12	0	1	10	5-30	2

Идар уэгум хуопабгъэ

Аруан щIыналъэм и авиамоделистхэр хэтащ район, щIыналъэ, урысейпсо зэхьэзэхуэ зыбжанэм икIи ехъулIэныгъэ хьэрзынэхэр абыхэм къыщагъэлъэгъуащ. Нобэ зи гугъу фхуэтщIыну Къамбий Идар апхуэдэ зэпеуэхэм ящыщ зым япэ увыпIэр къыщихьащ.

ЩIАЛЭЩIЭР Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №2-м и еянэ классым щоджэ икIи Нало Залым и цIэр зэрихьэу а къалэм дэт, Техник ныбжьыщIэхэм я станцым авиамоделымкIэ щыIэ гупжьейм макIуэ. Къухьэлъатэм, уафэм абы гу хуэзыгъэщIар щIэблэм щIэныгъэ гуэдзэ етыным кIэ егъэджакIуэ Iэзэ Хьэпэ Артурщ. Абы занщIэу гу лъитащ щIалэ жыджэрым, хэлъэт зиIэм икIи, япэщIыкIэ, IэпщIэлъэпщIэным хуигъэсащ, ауэрэ Iэмэпсымэхэм ириплъэжьэф, пхъэ пихыф, зэгуэрхэр абы къыхибзыкIыф хъуащ.

ИужькIэ ахэр яужь ихьащ пхъэм къухьэлъатэхэм, планерхэм я моделхэр къызэщIыкIыным.

ЗэрыжаIэу, щIалэ цIыкIур а IэщIагъэм дихьэхыпащ. Иджы абы щIидзащ фэтыджэн зэрыбгъахъуэ, хьэфэ моторхэр зыдзэт къухьэлъатэ моделхэр ищIын. Апхуэдэурэ, и IэщIагъэмрэ зэфIэкIымрэ хигъахъуэурэ, езым къигупсысыжа, бензинкIэ лажьэ моторхэр зыдзэт къухьэлъатэхэр зэригъакIуэу хуежьащ. Нобэ Идар къэрегъэлътыхь зыми пымыщIауэ уэгум ит къухьэлъатэ моделхэм.

Техник ныбжьыщIэхэр щагъэхъэзыр станцым щызригъэгъуэта щIэныгъэхэм я фIыгъэкIэ, 2020 гъэм щегъэжьауэ Къамбийр хэтащ щIыналъэ, урысейпсо, нэгъуэщI зэхьэзэхуэ инхэм икIи мызэ-мытIэу абыхэм щытекIуащ, и цIэр фIыкIэ щыжаIащ. ЖыпIэнурамэ, 2022 гъэм и гъатхэпэмрэ накъыгъэмрэ абы дыжьын медалхэр къыщихьащ хьэфэ мотор зыдзэт къухьэлъатэхэр щызэпаIэщI Урысейпсо зэхьэзэхуэм. А илъэс дыдэм, щIэныгъэ-техникэ творчествэмкIэ «Траектория открытой мысли-2022» фIэщыгъэр зиIа зэхьэзэ зэпеуэм ещанэ щыхуащ. 2023 гъэм а зэхьэзэхуэ дыдэм Идар дыщэ медаль къыщихьащ. А илъэс дыдэм етIуанэ увыпIэр щызыIэригъэхьащ Урысейм и Пыхужь Кlарэ Анатолэ и фэеплъу авиамоделхэ спортымкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм.

Иджыпсту Къамбий Идар зыдэлажьэр Нало Залым и цIэр зезыхьэ Техник ныбжьыщIэхэм я станцым и унафэщI, егъэджакIуэ икIи узэщIакIуэ Iэзэ Нало Юрэщ. Абы и нэIэ щIэту Къамбийм япэ нагъыщэр зиIэ дипломыр къыщихьащ ТекIуэныгъэр къызэрытхьэ илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ Осетие Ищхъэрэ - Аланием мы гъэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм. Куэд щIакъым аргуэру зэпеуэныгъэм къызэрыщыхэжанык Iэр, КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъ къызэрихьэр.

Дохуэгъуэ щIалэ ныбжьыщIэм къыхиха и IэщIагъэм и фIы куэд илъэгъуну, авиамодельнэ спортым и лъагапIэ нэхъ ин дыдэхэр къищтэну, текIуэныгъэ дахэхэмкIэ къызыпахуаяхэмрэ тренерхэмрэ игъэгуфIэну, лъэпкъри жылэри зэрыгушхуэ цIыху къридыкIыну.

ТОМЭКЪУЭ Албэч.

Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ хасэхэр, КъБР-м и ТхакIуэхэмрэ Журналистхэмрэ я зэгухьэныгъэхэр усакIуэ **Бэлагъы Любэ Хьэзрэталий и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Бэлагъы (Къумыкъу) Марие Хьэжысмел и пхъур** дунейм зэрехыжам папщIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖэкIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымрэ и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.443
Заказыр №1169

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, корректорхэу ПхытIыкI Марие (1, 3-нэ нап.), Нэужьокъуэ Заирэ (2, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Елмэс ФатIимэ.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.